
КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэщ



КъБР-м и Конституцэм и махуэщ


Щ1эныгъэхэм я махуэщ


Налшык къалэм и махуэщ

Мыхьэнэшхуэ зиIэ гуфIэгъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Республикэм и махуэм тепхуа и хъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Нобэ дэ догъэлъапIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ гуфIэгъуэ - Республикэм и махуэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэ-политикэ и лъэныкъуэкIэ зы тетыну мардэхэр зыхуэдэнур а махуэрщ щаубзыхуэр икIи республикэм и тхыдэ гъэзэгуанэр абы епхащ, ар зэкъуэтынымрэ зэрыIыгъынымрэ, зэныбжьэгъунымрэ зыззэхащIыкIынымрэ я дамыгъэщ.

Урысейм хэту автономие зэригъуэтар мыхьэнэ нэхъ ин дыдэ зиIэ Iэхуу уващ икIи республикэм щыпсэу цIыхубэм я дежкIэ къыпхуэмылытэным хуэдиз къару иIащ, абы зиужьынымкIэ Iэмалыщ1эхэр къыхуэзэIуихащ. Дэ пщIэшхуэ яхудощI Къэбэрдей-Балъкъэрыр ухуэным, абы зиужьынымэ зи Iущагъ, лэжьыгъэ, къару езыхьэлIахэм, дрогушхуэ ди лъахэгъу куэдым я лIыхъужьыгъэхэм, лэжьыгъэфIхэм, къэралми дуней псоми щыцIэрыIуэ къэрал къулыкъущIэхэмрэ щIэныгъэлIхэмрэ, усакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ, музыкантхэмрэ спортсменхэмрэ я зэфIэкIхэм. Дэ ди къаналэныр нэхъыжьхэм я хабзэфIхэм пытщэныр щ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и ехъулIэныгъэхэр дгъэбэгъуэныр щ, дыщалъхуэ щыналъэр нэхъри ефIэкIуэным хьэлэлу дыхуэлэжьэныр щ.

Нобэ республикэм ехъулIэныгъэкIэ щагъэзащIэ иджырей инвестицэ проектхэр, промышленностымрэ мэкъумэш Iэнатlэмрэ, узыншагъэр хъумэнымрэ егъэджэныгъэмрэ, спортымрэ туризмэмрэ къыщыхалъхьэ жэрдэмыщIэхэр, жыджэру къагъэIэрыхуэ бжыгъэр зи лъабжьэ технологиехэр. Республикэм и зыужьынымгъэм и унэтIынигъэ нэхъыщ1хьэм и мурадыр цIыхухэм я псэукIэу къызэригъэкI пщалъэхэм изагъэхэр егъэфIэкIуэнырщ: Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ дэтхэнэ зы цIыхури абы и унагъуэри тыншу, зыхуей хуэзэу псэунырщ; езым и зэфIэкIымрэ зэчиймрэ къигъэлъэгъуэнымкIэ Iэмал иIэнырщ; гугъуехь хэхуэмэ, абыхэм щыхъума зэрыхъуну хэкIыпIэхэр иIэнырщ; я сабийхэм я къэкIуэнумкIэ адэ-анэхэр мыгъэвэнырщ; нэхъыжьхэм гулыIэтэ яхуэщIынырщ; щалъхуэ республикэм цIыхухэр ирипэгэнырщ.

Илъэс къакIуэ дэ дгъэлъапIэнущ тхыдэ мыхьэнэ зиIэ пIалъэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъур. Къэбэрдей-Балъкъэрым и илъэсищэ гъэзэгуанэм кIрикIуахэр щыхьэт тохъуэ ди ехъулIэныгъэ псоми я лъабжьэу щытыр дэтхэнэ зыми егугъуу и лэжьыгъэр игъэзэщIэныр зэрыарар. Шэч кьытехьэркъым, дэ зыхуэдгъэувыжьа къаланхэр, дыззедгугъумэ, зэрытхуэгъэззэщIэнум, дыщалъхуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым адэкIи нэхъри зэрызедгъэужьыфынум.

Ди къарур зыхэлъыр ди зэкъуэтыныгъэрщ. Ди текIуэныгъэхэр къызыдэкIуэнури аращ.

Республикэм щыпсэу псоми си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу мамыру, фыуэзынщэу, ехъулIэныгъэхэр фиIэу, зэIуэпэщу фыпсэуну.

МахуэшхуэмкIэ, си хэкуэгъу лъапIэхэ!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОKI

№105 (24.231) ● 2021 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 1, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghepsale.ru

adyghe@mail.ru

Лъахэм и зыужьныгъэм хущIэкъуэхэр

Хабзэ зэрыхъуам тету, фокIадэм и 1-м, КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэр щагъэлъапIэм ирихьэлIэу КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щIыхь, фIыщIэ тхыльхэмрэ къэрал дамыгъэхэмрэ яритащ зыпэрыт IэнатIэм къыщыхэжаныкIа Iащ1агъэлI пажэхэм. ЗэIущIэм кърихьэлIащ КъБР-м и Парламентым и спикер Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэу Щхьэгъуэш Адэлбийрэ Геккиев Зауррэ, министрхэр, нэгъуэщI къулыкъущIэхэр.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым КIуэкIуэ Казбек жиIащ Къэралыгъуэм и махуэм ди лъахэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэрирэр, ар зэныбжьэгъугъэм, зэгурыIуэныгъэм, зэкъуэтыныгъэм я нэщэнэу зэрыщытыр. «Нобэрей махуэр ди лъэпкъхэм я псэукIэм и зыужьыныгъэм и къежьапIэу къэплъыта хуэмнущ, политикэ, экономикэ, псэукIэ ухуэкIэр зыужьынымрэ щыщ зы Iыхьи», - жиIащ КIуэкIуэм.

Iэтащхьэм и къэпсэлъэныгъэм щыпIигъуащ нобэ гулыIэтэ гуапэ зыхуащIу къэрагъэблагъэхэр щэнхабзэ, ухуэныгъэ, егъэджэныгъэ, спорт, щIэныгъэ, мэкъумэш, узыншагъэр хъумэныкIэ IэнатIэхэм псэ хьэлэлкIэ пэрыт, илъэс куэд щIауэ зи лъахэм и зыужьыныгъэм зыужьажьэ Iащ1агъэлI щыпкъэхэр зэрыарар. Я Iэнатlэм жэуаплныгъэшхуэ хэлъу зэрыпэрытым къищынэмыщIауэ, я дуней тетыкIэкIи щагъэхъэ ягъэлъагъуэу, я Iащ1агъэм къыхуигъэув кьаланхэм пэлъэщыфу, къэзылъхуахэм яхуэфащэу зэрыпсэум щхьэкIэ дэтхэнэми къэрал гулыIэтэ къызэрилэжьыр жиIащ КIуэкIуэм. ИкIи абы щхьэкIэ фIыщIэ яхуищIри, Къэралыгъуэм и махуэмкIэ ехъулIэныгъуэ и лъабжьэ.

Урысей Федерацэм и Президентым къыбгъэдэкI ФIыщIэ тхылькIэ ягъэлъэпIащ Волонтёр Iуэхум зэгъуэжьныкIэ центру КъБР-м щыIэм и унафэщI Алексейчик Татьянэрэ КъБР-м щыхуэзэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэсмкIэ и министрым и кIуэдзэ Мокаев Ашэмэзэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылькIэ ягъэпэжащ зыпэрыт Iэнатlэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIхэу, псэ хьэлэлкIэ щIыналъэм хуэлажьэхэу Бажэ Дотий, Iащ1ын Жаннэ, Залиханов Къанщобий сымэ. КъБР-м и архитектор, артист, дохутыр, егъэджакIуэ, ухуакIуэ, нэгъуэщI Iэнатlэхэм жыджэру пэрытхэу КIуэкIуэ Казбек игъэлъэпIащ щIыхь тхыль яритащ.

КъБР-м и Iэтащхьэм и Унафэкlэ Урысейм спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, Олимп джэгуфэм щытекIуа Ласицкене Марие «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр хуагъэфэщащ, физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ я зыужьныгъэм и гуащIэ зэрыхилъхьам, спортым ехъулIэныгъэшхуэхэр зэрыщыIэхэм папщIэ. Абы и тренер Габрилян Геннадий КъБР-м и Iэтащхьэм къыбгъэдэкI ФIыщIэ тхыльэ иратащ.

Апхуэдэуи Марие Токио щекIуэкIа Олимп джэгуфэм зэрыщыIэткIуам папщIэ сом зы мелуан тыгъэу иратыну унафэ ищIащ КъБР-м и Правительствэм. Олимп джэгуфэм хэта Акименкэ Михаили сом мин 250-кIэ хуэупсэнущ. Тренерэхэу Габрилян Геннадийрэ Артамонов Артуррэ спортсменхэр зэрагъэхьэзырам папщIэ абыхэм ирата ахъшэ саугъэтым и ныкъуэм хуэдиз езыхэми хухахынущ. 2021 гъэр иухьэу ахъшэ саугъэтхэр иратынущ зэкъэззэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм щытекIуа спортсмени 140-м.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замир.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр Ласицкене М. А. етыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зегъэужьыным хуищIа хэлъхьэныгъэшхуэм, спортым къыщихьа ехьулIэныгъэ лъагэхэм щхьэкIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр етын **Ласицкене Марие Александр и пхъум**, Урысейм спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастерым, 2020 гъэм XXXII гъэмахуэ Олимп джэгухэу Токио къалэм щызэхэтам я чемпионкэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм щыщхьэIум и 26-м
№97-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

ЕхьулIэныгъэхэр къахьу илъэс куэд хуэуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхыльыр етын

Залиханов Къанщобий Хьэжы-Умар и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и секретарым и къуэдзэм,

Швачий Татьянэ Юрий и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм и чэнджэщэгъу пажэм;

цIэ лъапIэхэр яфIэщыж:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артист»

Щ1эбэтыкъуэ Заур Натбий и къуэм - «Къэрал Музыкэ театр» щэнхабзэмкIэ къэрал кIэзонэ Iуэхущ1апIэм и концертмейстер нэхъыщ1хьэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и дохутыр»

Абазэ Иннэ Латlиф и пхъум - Налшык къалэ округым и «Къалэ поликлиникэ №2» уэзышагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет Iуэхущ1апIэм и дохутыр нэхъыщ1хьэм медицинэ IуэхуэхэмкIэ и къуэдзэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»

Къуэщ1ысокъуэ Iэсият Мухьэмэд и пхъум - Дзэлыкъуэ муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм «ЕгъэджэныгъэмкIэ и управленэ» муниципальнэ кIэзонэ Iуэхущ1апIэм и унафэщIым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»

Колесников Юрий Александр и къуэм - «Май гъавэ Iыхьапlэ Iуэхущ1апIэ» жэуап зэхэгъэщхьэхуакIа зыхь зэгухьэныгъэм и генеральнэ унафэщIым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэныкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»

Къаскъул Владимир Фуlэд и къуэм - «Псырэ ятIэкIэ щеIэзэ Iуэхущ1апIэ» акционер зэгухьэныгъэм и генеральнэ унафэщIым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ»

Шаваевэ Зайнаф Ахъмэт и пхъум - Налшык къалэ округым «Фриев Р. М. и цIэр зезыхьэ и курыт еджапIэ №16» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ Iуэхущ1апIэм и пэщIэдзэ классхэр езыгъаджэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм щыщхьэIум и 25-м
№96-УГ

ЦIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ я мурадыр

Политикэ партхэм я унафэщIхэм КъБР-м и Iэтащхьэр яIущIащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щыщхьэуIум и 30-м лэжьыгъэ Iуэхукlэ яхуэзащ политикэ партхэм я щIыналъэ къудамэхэм я унафэщIхэм.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1 **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэм и унафэщI **Джэш Вячеслав**, «Гражданская платформа» политикэ партым КъБР-м щIиэ щIыналъэ къудамэм и гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI **Афlэунэ Аслъэн**, Урысейм и Либерально-демократ партым Къэбэрдей-Балъкъэрым щIиэ къудамэм и унафэщI **Безродькэ Владимир**, «Партия роста» Урысейпсо политикэ партым и щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Иуаз Бетlал**, «Захуагъэ здэщыIэ Урысей - Хэкупсэхэр - Захуагъэм и телъхьэу» социалист политикэ партым КъБР-м щIиэ щIыналъэ къудамэм и Советым и унафэщI **Кебеков Владимир**, «Российская объединенная демократическая партия «Яблоко» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Кучмезов Хьэким**, «Урысей Федерацэм и Коммунист партэ» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и япэ секретарь **Пащты Борис**, «ЦIхъуантIэхэр» Урысей экологие партым и щIыналъэ къудамэу КъБР-м щIым и унафэщI **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ 2021 гъэм екIуэкIыну хэхыныгъэхэм партхэм зэрызыхуагъэхьэзыр щIыкIэм.

Джэш Вячеслав жиIащ IэIэтыр республикэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэу 13-мрэ участкэ 355-мрэ къызэрызэрагъэпэщыну. Хэхыныгъэхэр зэрекIуэкIыр я нэIэм щIэтынущ кIэлъыплъакIуэ 710-м, ахэр зэрылэжьэну щыкIэм щыхагъэгъуэзащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм. Хэхыпlэхэм шынагъуэншагъэр къыщыхэзгъэпэщыным, санитар-эпидемиологие хабзэхэм тетыным ехьэлIа Iуэхухэри зэтраухуащ.

Партхэм я унафэщIхэм къыхагъэщащ республикэм и Iэтащхьэм хэхыныгъэхэм ипэ къыхуэу зэрыIущIам, КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэмрэ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэмрэ сэбэныгъэ къыдэкIуэу, зэIухауэ зэрыпыщIам мыхьэнэшхуэ зэриIэр икIи я лэжьыгъэм щынэхъыщхьэхэмрэ къэкIуэну зэманым зэфIагъэкIыну я мурадхэмрэ я гугъу ящIащ. КIуэкIуэ Казбек зэIущIэм и кIэм къыхигъэщхьэхуэкIащ республикэм зыкъыщызыгъэлъэгъуа политикэ партыр псоми я мурадхэр зы Iуэхум - цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным - зэрытеухуар.

Парламентым нэхъыфIхэр щагъэлъапIэ

КъБР-м и Къэралыгъуэмрэ республикэм и къалащхьэм и махуэмрэ и пэ къихуэу, щыщхьэуIум и 31-м республикэм и Парламентым щагъэлъэпIащ щIыналъэм и хабзэубзыху органым, парламентаризмэм, щэнхабзэм, узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, социальнэ политикэм, экономикэм, щIыуэпсыр хъумэным, жылагъуэ гъащIэм, нэгъуэщI унэтIныгъэхэм я зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа, къыхаха Iэщ1агъэм хуэпэж лэжьакIуэ пажэхэр.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Егоровэ Татьянэ** зэIуущIэм ирагъэблагъа Iащ1агъэлI нэхъыфIхэм, зи Iэнатlэм зэфIэкI щызиIэ лэжьакIуэхэм республикэм и Къэралыгъуэм и махуэшхуэмкIэ ехьэхуэныгъэ, узыншагъэ, гуфIэгъуэ, ехьулIэныгъэ яIэу дяпэкIи илъэс куэдкIэ я Iэнатlэр ирахьэкIыну зэригуапэр жиIащ икIи КъБР-м и Парламентым и щIыхь тхыльхэмрэ удз гъэгъахэмрэ зыхуагъэфэщахэм яритыжащ.

ЯгъэлъапIахэм ящыщщ КъБР-м и хабзэубзыху органым, парламентаризмэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэфIхэр хуэзыщIхэу Прытков Михаилрэ Хьэпущы Арсенрэ. Апхуэдэу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Федерацэмкlэ и Советым и УнафэщIым и Щ1ыхь тхыльыр хуагъэфэщащ Газаев Мысхьуд, УФ-м парламентаризмэм зыщегъэужьыным хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIымрэ республикэм закон хьыдэзэгъэкI и органыр зэрыригъэфIакIуэмрэ папщIэ.

КъБР-м и Парламентым и Щ1ыхь тхыльыр иратащ узыншагъэр хъумэнымкIэ Iэнатlэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIхэу Иуан Маринэ, Кумыщ Анзор, Тогузаевэ Залинэ, Къуэдзокъуэ Каринэ, Бикбулатовэ Алия, Бэрсэдж Татьянэ, Кьултырбей Мурат сымэ, нэгъуэщIхэмэ. Егъэджэныгъэм къыхэжаныкIауэ ягъэлъэпIахэм ящыщщ Езауэ Мадинэ, Хьузст Фатlимэ. Социальнэ политикэ, экономикэ унэтIныгъэм егугъуу щылажьэу къагъэлъэгъуахэщ Уэркъ Алим, Ашэбокъуэ Джульеттэ, Умар Ритэ, Тонконог Аннэ, Тхьэбысым Аскэр сымэ. ЦIыхум и хуитныгъэр хъумэным теухуа унэтIныгъэм хэлъхьэныгъэфIкIэр хуэзыщIхэм ящыщу я цIэ къраIуащ КIуэкIуэ Заретэ, Тканенко Ольгэ, Ирыгу Мухьэрбэч сымэ.

Зэхьыхэ гуапэр иуха нэужь абы хэтахэм КъБР-м и Парламентым и бжэIупэм деж зэгъусэу сурэтхэр щызытрагъэхащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Гъуэгу захуэм ирокIуэ

Нобэ догъэлъапIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и тхыдэм мыхьэнэшхуэ щызыIэ махуэшхуэ - ар къызэрыунэхуэрэ илъэси 100 ирокъу. Зауэмрэ мамырыгъэмрэ, зэкъуэшыгъэмрэ щхьэхуитныныгъэмрэ я мыхьэнэр фIыуэ къызыгурыIуэу щыта ди адэжьхэм къыхаха я гъуэгур нобэ диIэ псэукIэм и лъабжьэ быдэ хуэщ.

АДЫГЭХЭМРЭ балъкъэрхэмрэ Бгырыс автоном республикэм щыхэтам къыщыщIедзэ а гъуэгум. Властыр зэрыуфэзыхуар зигу иримыхь лъэпкъитIым ящыщу адыгэхэм япэу къагъэльэгъуащ я мыарзэныгъэр. Къэбэрдей большевикхэм я Iэтащхьэ Къалмыкъ БетIал я пашэу, адыгэхэм къагъэуващ Бгырыс автоном республикэм къыхэкIыжьыным и Iэхэр. Ар ядИыгъащ а зэманым Налшык зыщщызыгъэпсэхуа Сталин Иосиф.

Апхуэдэ щыкIэкIэ 1921 гъэм фокIадэм и 1-м РСФСР-м и ВЦИК-м и декреткIэ Къэбэрдей автоном областыр къызэрагъэпэщащ. КьыкlэлъыкIуэ илъэсым и мазаем апхуэдэ дыдэу балъкъэрхэри зи гугъу тщIы республикэм къыхэкIыжащ икIи ди щIыналъэр Къэбэрдей-Балъкъэр автоном область хуащ, я къалащхьэри я дамыгъэри зыуэ.

Тхыдэм кьигъэльэгъуащ дяпэ итахэм яча лъэбакъуэм мыхьэнэшхуэ иIэу зэрыщытар. Щхьэхуэ хъуа щIыналъэр зыужьыныгъэм и гъуэгум лъэщу теуващ. Ди областым, 1936 гъэм и ужькIэ республикэ хъуам, щ1ухуащ Кавказ Ищхьэрэ псом къыпхэхьэну имыт Iуэхущ1апIэ инхэр - Налшык лы комбинатыр, чырбыщ заводыр, нэгъуэщIхэри. Социалист ухуэныгъэм къыщихьа ехьулIэныгъэшхуэхэм я фIыгъэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр автономым областым 1931 гъэм Ленин орденыр япэу къратащ, 1957 гъэм етIуанэу къыхуагъэфэщащ а дамыгъэ лъапIэр. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ езыхэм я хабзэубзыху, гъэзэщIакIуэ органхэр зиIэ къэралыгъуэ зэрыхъуарщ.

Куэд хъурт а лъэхъэнэм лъэпкъитIым Iэмалу кьахукъуэкIар. Зэман кIэщIым кьриубыдэу ди япэ итахэм яхуэзэфIэкIащ щIэныгъэншагъэр ягъэкIуэдыну. Адыгэбзэкlэ дунейм кьытехьэу хуежьащ тхылъхэмрэ газетхэмрэ. Дуней псом адыгэу тетыр зыгъэгушхуэ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблыр къэунэхуащ, Бахьсэн ГЭС-р ящхуащ. ЕужьэрэкIыу зызыужь лъахэр иджы КъБАССР-у зэрахъуэкIащ, абы къыхэкIыуи и хуитныныгъэхэр нэхъыбэ хъуащ.

Апхуэдэу екIуэкIыурэ, къэралым кьыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм ялкъ итклэ, 1991 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал суверенитетым и декларацэр къащтащ икIи ди хэкур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ хъуащ. 1997 гъэм КъБР-м и Конституцэр щIэуэ къащтащ икIи абы, зыужьныгъэм и демократие гъуэгур кьыхахри, Урысей Федерацэ зэкъуэтым хэту, зыужьныгъэр я пIалъэIу псэуну зэрамурадыр щIигъэбыдащ. Сыт и лъэныкъуэкIи зэпэлъыта къэрал лъэпкъ политикэ егъэкIуэкIынращ Къэбэрдей-Балъкъэрыр зытетыр.

Нобэ зи ныпI, гимн, Конституцэ, Iэтащхьэ, Парламент, Правительствэ зиIэж ди лъахэ дахэр Урысей Федерацэм и субъект нэхъыфIу зызыужьхэм ящыщу къогъуэгурыкIу. Ди республикэ унафэщIхэр хущIокъу цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, медицинэ Iэнатlэм зегъэужьным, хьэрычэтыщIэхэмрэ Iэнатlэ зэмылIэужьыгъэхэмрэ зэрадэIэпыкъун мыпхьу къахуэзащIэгъэуIуэным, лъэпкъхэм я хабзэмрэ пIащIыгъуэкIэрэ кьадэгъэугурыкIуэ зэхэтыкIэ екIумрэ хъумэным, проектышхуэхэр гъэзэщIэным.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замир.

Насыпым и нэщэнэ налыр зи дамыгъэ

Тхыдэ гъэзэуанэ купщIафIэ къэзыкIуащ, щIыхьрэ пщIэрэ зыхуащIщ, зыми емыщхь тепльэ дахэ зиIэщ Налшык. 1921 гъэм фокIадэм и 1-м ар хъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр автоном областым и къалащхьэ. 1936 гъэм и дыгъэгъаззм и 5-м - КъБАССР-м, иужькIэ, 1991 гъэм - КъБР-м я щыхьэрщ.

ИДЖЫРЕЙ тхыдэджхэм къызэралъытэмкIэ, Кавказ къурышхуэм и жьэгъым щIэпъ мэзыпъэ щIыпIэм щджэх рослъ уэрым и Iуфэм 1774 гъэм къетIысэкIащ пщыхэу Къетыкъуэ Аслъэнбэч, Тэтэрхъан Жамбот, Жанхъуэт Кушыку сымэ я жылэхэр. Иджыпсту Налшык зэрыс щIыпIэр Къетыкъуэпщым и хэщIапIэу щытауэ жаIэ. Ауэ щыхьэкIэ, а илъэсхэм къыщыщIидзащ къалащхьэм и тхыдэм, абы и ухуэныгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ.

Урыс-Кавказ зауэм и лъэхъэнэм Налшык слобода хъуащ, иужькIэ зауэ быдапIэ статусыр гъахьжри, граждан унафэ щыхьэкIуэ жьлэу яубзыхуащ. Слободар кьалэ щащIар Жэпуэгъуэ революцэ иныр иухыу Совет властыр щIыпIэм щагъэува нэужьщ. 1921 гъэм, фокIадэм и 1-м, Урысейпсо гьэзэщIакIуэ комитет нэхъыщIэм унафэ кIищтащ Налшык си къалащхьэ Къэбэрдей автономнэ щIыналъэ яухуэну. Ди щIыналъэм и къалащхьэ хъуа нэужь, Налшык тевращ зыужьыныгъэ махуэм и лъагъуэм. Хэхъуэрт абы дэс цIыхухэм я бжыгъэм, кьалэ экономикэм, промышленностым я зэфIэкIым, апхуэдэуи зауэзэщIым бгъэдэлъ курорт Iэмалхэм. ЗыIэригъэхъэ екъуIэныгъэхэм цIэрыIуэ ищIа щIыналъэм щекIуэкI мамыр гъащIэр кьиззэпиудауэ щытащ 1941 гъэм къэхъея Хэку зауэшхуэм.

Нэмыщ зэрыпхъыкIуэхэр Налшык щыдэсэ зэман кIэщIым къриубыдэу хэщIныгъэшхуэ игъэтащ кьалащхьэм и экономикэм. Налшыкдэс мини 9-м щIигъуи я псэр ятащ ди къэралым и хуитныгъэм папщIэ. Хэку зауэшхуэм щызэрахьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ щхьэкIэ кьалэм щыщ цIыхуи 8-м хуагъэфащауэ щытащ «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэ лъагэр, кьалэдэс мини 10-м щIигъуи иратащ нэгъуэщI къэрал дамыгъэ лъапIэхэр. Мафiае илъэсхэм зэриха лIыгъэм папщIэ 1985 гъэм Налшык къыхуагъэфащауэ щытащ, Хэку зауэ орденым и 1-нэ нагьыщэр. УФ-м и Президентым и Унафэкlэ 2010 гъэм Налшык къыфIащащ «Зауэ щIыхьым и кьалэ» цIэ лъапIэри.

Совет Союзым и лъэхъэнэм Налшык цIэрыIуэ хъуауэ щытащ бгъэдэлъэ промышленнэ зэфIэкIымкIэ. ЗыгъэпсэхупIэ щIыпIэу зэрыщытым къыдэкIуэу, ди кьалащхьэм зыщаужьауэ щытащ электроникэ, машинэ ухуэныгъэ, металлургие IэнатIэхэм.

ПIощIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм къэралым щекIуэкIа зэхъуэкIныгъэ тKIийхэм пхыкIыфащ кьалащхьэр. Нобэ ар зыужьыныгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ я гъэгъум иракIуэ, гъащIэм и лъэныкъуэ кудкIэ зэфIэкI лъагэхэр зыбгъэдэлъ жылэ Iумахуэщ. Кьалэм и унафэм щIэтщ абы кьадза жылэхэу Бепая Ленэ, Кэнжэ, Хьэсэней, Iэдиихэу. Абыхэми зауэм, заукъуэдий, экономикэ, щэнхабэз, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iуэхущапlэхэр кьыщызэIуах. Социальнэ мыхьэнэ зиIэ ухуэныгъэ инхэр щызэфIах Налшык. Абыхэм ящыщщ школыщIэхэр, щэнхабэз IэнатIэщIэхэр, транспорт линиещIэхэр, дин IуэхущапIэхэр, нэгъуэщIхэри. Нэгъабэ кьызэIуахащ еджакIуэ 1224-рэ зыщIэхуэ, мотр зэбгъуэзнатIэ мин 26-рэ зыубыд, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм сыт и лъэныкъуэкIи хуэщIа курыт школ №33-р. Гъэсэныгъэ екIуэрэ ку-рыт щIэныгъэрэ зыгъэотэ ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIхэм щыхагъахьуэ Налшык дэт еджапIэ нэхъыщIэхэм. Апхуэдэхэщ зи кьэхутэнэгъэхэмкIэ кьэралым, хамэ щIыпIэхэм цIэрыIуэ щыхьуа ди щIэныгъэ IэнатIэхэу Бэрбэч Хьэтлуатlэ и цIэр зезыхьэ Кьэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр, КIуэкIуэ Валерий и цIэр зыфIащща Кьэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетыр, Кавказ Ищхьэрэм ГъуазджэхэмкIэ и институтыр, Бгы лъагэ геофизикэ институтыр, Кьэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкIэ и щIэныгъэ институтыр, нэгъуэщIхэри.

Кьалэм щауху Театрхэм я Уардэунэ. Налшык и зыгъэпсэхупIэ щIыпIэхэм щыIэ кIапсэ гъуэгуфэ зэрагъэпэщIыж, ирагъэфIакIуэ. Абыхэм цIыхуэр дашынчу кьалащхьэм къыщыхьэщыт Iуащхьэ лъагэхэм я щыгум.

Кьалащхьэм игъуэт социально-экономикэ зыужьыныгъэр иужьрей лъэхъэнэм нэрыльагъущ. Промышленностым, ухуэныгъэм, сату, транспорт IэнатIэхэм кьыщалэжь мылькум хэпщIыкIыу хэхъуащ. Хуабжьу заубгъуащ сотовэ связым и IэнатIэхэм, цIыхуэхэм я гъащIэр нэхъ тынш яIущ. Социально-экономикэ кьаруу лъэщу кьалъытэ кьалэм хьэрычэт Iуэхум лъабжьэ быдэ зэрыщIигъуэтар. Мы зэманым Налшык щолажьэ хьэрыфэтыщIэ Iуэхущапlэ минхэр. Экономикэм хэпъхьэныгъэ ин хуэзыщI а IэнатIэм и фIыгъэ куэд хэльщ Налшык зэрызиужьым.

Налшык дэтщ дунейпсо мыхьэнэ зиIэ аэропорт. Кьэхъулъатэхэм нагьэзыпIэм унагъэсынущ кьэралым и щыхьэр Москва, ди Хэкум, хамэ щIыпIэхэм я кьалэ зэхуэмыдэхэм. Налшык и курыкупсэм итщ гъущIгъуэгу станцышхуэ. АбыкIэ кьалэр пыщIа мэхъу хэрэзатэм и нэгъуэщI щIыналъэхэм. Иджыблагъэ кьызэIуахащ «Налшык - Идхъэрэ» автовокзалыщIэ. Ар кьызыхуэт щымыIэ уухуэнкIэ инщ, щIыхум я тыншыгъуэ куэд кьыщыльытауэ. Апхуэдэ дыдэ вокзалышхуэ щащхуэ Налшык и илпщ кьыщдэлъэдапIэми.

Республикэм къэралыбзэу щыгъуэва бзишымкIэ - урысыбзэмкIэ, адыгэбзэмкIэ, балъкъэрыбзэмкIэ - дзэжьыгъэр щызэфIах Iуэхущапlэхэм. А бзэхэмкIэ Налшык къыщыдокI ин-цIыкIуми газетрэ журналу пщIы бжыгъэхэр. Абыхэм ящыщу нэхъ цIэрыIуэхэщ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я газетхэу «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», къэрал газетхэу «Советская молодежь», «Горянка». Кьалащхьэм дунейм кьыщыхтехьэ журнали 6-м щыщу щыр сабийхэм папщIэ кьыдокI. Налшык щолажьэ «Эльбрус», «Печатный двор», «Котляровхэ» тхылъ тедзапIэхэр, «Тетраграф» полиграф комбинатыр, нэгъуэщI уней тедзапIэхэри.

Кьэралпсо мыхьэнэ зиIэ курорт щIыналъэщ ди кьалащхьэр. Абы и зыгъэпсэхупIэхэм нал щIыкIэу кьадокIуэкI Iуащхьэ лъагэхэр. Абыхэм ар щахьлэмэ жьапщащхуэхэмрэ борэнхэмрэ. ЩхъуантIагъэкIэ, хьэуа кьабзэрэ дыгъэ нурымкIэ Тхьэр кьыхуэупсащ Налшык и щIыуэпсым.

Республикэм и кьалащхьэм щопсэу КъБР-м и цIыхухэм я процент 33-р. Лъэпкъи 100-м щIигъуи кьахэкIа цIыхуэхэр дэсщ мы зэманым Налшык. Эшыщ лъэпкъымрэ зэрахьэ динымрэ емылытыкIэу, ахэр хуащIокъу зэгурыIуэрэ зэдэIуэжьу зэрызэдэпсэуным. ЩэнхабзэI зэпыщIэныгъэхэм нэхъри ягъэбдгъэ лъэпкъхэм яку дагъэ мамыр зэхущытыкIэр, зым адрейм хуиIэ шыIэныгъэр, пщIэр.

Дэтхэнэ зэныгъэмэ и щIыбагъ кьыдэлъщ щIыху гуащIэрэ ахьылрэ. Илъэс зэхуэмыдэхэм Налшык и унафэщIу лэжьащ Хьурей Мухьэдин ТыкIуэ и кьуэр, Тхьэмокъуэ Хьэжмусэ Сэасым и кьуэр, Шэру Мухьэмэд Хьуатlэ и кьуэр, ГъукIэпщ Мусэрбий Мухьэмэд и кьуэр, Дыду Владимир Зырамыку и кьуэр, Лъостэн Георгий Чэлимэт и кьуэр, Исмэхьил Алий Исмэхьил и кьуэр, Сэхъу Владимир Къасболэт и кьуэр, Хьурей Феликс Ахьмэд и кьуэр, Сыжажэ Валерэ Хьусен и кьуэр, Берд Хьэзрэталий Александр и кьуэр, Хьэмгъуокъу Леонид Башир и кьуэр, Хьэгъэс Залымджэрий Iэбзед и кьуэр, Кьуэдзокъуэ Мухьэмэд Мартин и кьуэр, Алэкьей Арсен Михаил и кьуэр. Иджыпсту Налшык кьалэ администрацэм и унафэщIу Аслъэхьэу Тайм-мылькум хэпщIыкIыу хэхъуащ. Хуабжьу заубгъуащ сотовэ связым и IэнатIэхэм, цIыхуэхэм я гъащIэр нэхъ тынш яIущ. Социально-экономикэ кьаруу лъэщу кьалъытэ кьалэм хьэрычэт Iуэхум лъабжьэ быдэ зэрыщIигъуэтар. Мы зэманым Налшык щолажьэ хьэрыфэтыщIэ Iуэхущапlэ минхэр. Экономикэм хэпъхьэныгъэ ин хуэзыщI а IэнатIэм и фIыгъэ куэд хэльщ Налшык зэрызиужьым.

Налшык дэтщ дунейпсо мыхьэнэ зиIэ аэропорт. Кьэхъулъатэхэм нагьэзыпIэм унагъэсынущ кьэралым и щыхьэр Москва, ди Хэкум, хамэ щIыпIэхэм я кьалэ зэхуэмыдэхэм. Налшык и курыкупсэм итщ гъущIгъуэгу станцышхуэ. АбыкIэ кьалэр пыщIа мэхъу хэрэзатэм и нэгъуэщI щIыналъэхэм. Иджыблагъэ кьызэIуахащ «Налшык - Идхъэрэ» автовокзалыщIэ. Ар кьызыхуэт щымыIэ уухуэнкIэ инщ, щIыхум я тынш-гъуэ куэд кьыщыльытауэ. Апхуэдэ дыдэ вокзалышхуэ щащхуэ Налшык и илпщ кьыщдэлъэдапIэми.

Республикэм къэралыбзэу щыгъуэва бзишымкIэ - урысыбзэмкIэ, адыгэбзэмкIэ, балъкъэрыбзэмкIэ - дзэжьыгъэр щызэфIах Iуэхущапlэхэм. А бзэхэмкIэ Налшык къыщыдокI ин-цIыкIуми газетрэ журналу пщIы бжыгъэхэр. Абыхэм ящыщу нэхъ цIэрыIуэхэщ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я газетхэу «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», къэрал газетхэу «Советская молодежь», «Горянка». Кьалащхьэм дунейм кьыщытехьэ журнали 6-м щыщу щыр сабийхэм папщIэ кьыдокI. Налшык щолажьэ «Эльбрус», «Печатный двор», «Котляровхэ» тхылъ тедзапIэхэр, «Тетраграф» полиграф комбинатыр, нэгъуэщI уней тедзапIэхэри.

Кьэралпсо мыхьэнэ зиIэ курорт щIыналъэщ ди кьалащхьэр. Абы и зыгъэпсэхупIэхэм нал щIыкIэу кьадокIуэкI Iуащхьэ лъагэхэр. Абыхэм ар щахьлэмэ жьапщащхуэхэмрэ борэнхэмрэ. ЩхъуантIагъэкIэ, хьэуа кьабзэрэ дыгъэ нурымкIэ Тхьэр кьыхуэупсащ Налшык и щIыуэпсым.

Республикэм и кьалащхьэм щопсэу КъБР-м и цIыхухэм я процент 33-р. Лъэпкъи 100-м щIигъуи кьахэкIа цIыхуэхэр дэсщ мы зэманым Налшык. Эшыщ лъэпкъымрэ зэрахьэ динымрэ емылытыкIэу, ахэр хуащIокъу зэгурыIуэрэ зэдэIуэжьу зэрызэдэпсэуным. ЩэнхабзэI зэпыщIэныгъэхэм нэхъри ягъэбдгъэ лъэпкъхэм яку дагъэ мамыр зэхущытыкIэр, зым адрейм хуиIэ шыIэныгъэр, пщIэр.

Дэтхэнэ зэныгъэмэ и щIыбагъ кьыдэлъщ щIыху гуащIэрэ ахьылрэ. Илъэс зэхуэмыдэхэм Налшык и унафэщIу лэжьащ Хьурей Мухьэдин ТыкIуэ и кьуэр, Тхьэмокъуэ Хьэжмусэ Сэасым и кьуэр, Шэру Мухьэмэд Хьуатlэ и кьуэр, ГъукIэпщ Мусэрбий Мухьэмэд и кьуэр, Дыду Владимир Зырамыку и кьуэр, Лъостэн Георгий Чэлимэт и кьуэр, Исмэхьил Алий Исмэхьил и кьуэр, Сэхъу Владимир Къасболэт и кьуэр, Хьурей Феликс Ахьмэд и кьуэр, Сыжажэ Валерэ Хьусен и кьуэр, Берд Хьэзрэталий Александр и кьуэр, Хьэмгъуокъу Леонид Башир и кьуэр, Хьэгъэс Залымджэрий Iэбзед и кьуэр, Кьуэдзокъуэ Мухьэмэд Мартин и кьуэр, Алэкьей Арсен Михаил и кьуэр. Иджыпсту Налшык кьалэ администрацэм и унафэщIу Аслъэхьэу Тайм-мылькум хэпщIыкIыу хэхъуащ. Хуабжьу заубгъуащ сотовэ связым и IэнатIэхэм, цIыхуэхэм я гъащIэр нэхъ тынш яIущ. Социально-экономикэ кьаруу лъэщу кьалъытэ кьалэм хьэрычэт Iуэхум лъабжьэ быдэ зэрыщIигъуэтар. Мы зэманым Налшык щолажьэ хьэрыфэтыщIэ Iуэхущапlэ минхэр. Экономикэм хэпъхьэныгъэ ин хуэзыщI а IэнатIэм и фIыгъэ куэд хэльщ Налшык зэрызиужьым.

«Насыпым и кьалэ», - апхуэдэу Налшык ещхьэкъым. Насыпым и нэщэнэ налыр зи дамыгъэ жьлэм адэкIи зиужьщIыну, гъащIэм и сыт хуэдэ лъэныкъуэкIи ехъулIныгъэщIэхэр зыIэрихьэныр ди гуапэщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Налшык

Мывэшхуэр и лъэгущи,
ЗеIуантIэр утхэжу,
БгъэущIитIым и жьгъэр
Тожьауэр абджьыфэм.
Уэсыбгым и псыкIэм
Салъхьныр кьыпхехур,
Пшэху цIыкIухэр уи дежьм
IэфIыпсу щопсэхур.
Гъэмахуэщ, тKIуэпс щIыIэр
Теутхэ а цIыкIухэм,
Дожейхэр а цIыкIуэр
Уи бзухэм я уэсэм.
Къуэшыхьыр уи къъуафэщ,
Iуфитыр пщIащэбэщ,
Уи щIыфэм и теплъэр
Сабиныгъэ тхъурымбэщ.
Сыт кIыгъу уэ пхэлъыр, -
Псы быбзэр кьыщIопщIыр,
ХьэщIабэу бгъэджэгухэм
Сыт фадэу хафьыкIыр.
Кьыхьжьыт уи щэхур,
Си тIасэу псэ гуапэ,
Уэ пхэлъэр зищIысыр –
Удыгъэу, нэфIэщIу.
Уэ пхуэдэ псы хьэхукъэ
Зи ныбэм уикIыжьир,
Мыл жауэ зи тKIуэпскIэ
Псы нэхур узыщIыр?
Уи бгъэущIым щыхохьуэр
Си хэкум и гупсэр,
Насыпыр абыхэм
ЩIыбгъуу щIоIэтэр.
Епэрыр уи мэзхэм
Iуфитыр къызэрыхьыр,
ХьэщIабэу бгъэджэгухэм
Бзум усэр пхуагъэпсыр.
ПIалъэншэу жеиныр
Кьыщыскlэ си дежьм,
СхуегъэщIыт сэ си пIэр
Уи бгъэущIым и нэпкъым.

ЩОДЖЭНЦIыКIУ Алий .

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэу совет властым кьыдэунэхуар зэтегъэувэным хуэунэтIауэ лэжьыгъэшхуэ зэфIагъэкIащ Къалмыкъ БетIал, Энеев Магомед, Къатхъан Назир сымэ зи пашэ ди лъахэгъуэхэм. Абы кьыдэкIуэуи, политикэ, экономикэ, социальнэ, щэнхабзэ я лъэныкъуэкIэ ди щIыналъэм хъарзынэгъэ зиужьащ, зэман кIэщIым къриубыдэу индустриально-мэкъумэш область, кьыкIэлъыкIуэу конституцэкIэ щIэгъэблагъэ автоном республикэ хъуащ.**

ДИ щIыналъэм и тхыдэм увыпIэшхуэ щызыубыд лъхъэнэщ 30 гъэхэр. А зэманым ди республикэм и мэкъумэш IэнатIэхэм зэдэууэ заужьырт, зэхьэзэхуэ зэмылIужьныгъуэхэр щызэзэщIэпIъэрт. Къэбэрдей-Балъкъэрыр лэжьакIэ пэрытым и еджапIэ хъуат. Колхозхэхэм я япэ союзпсо съезд щыпIа щIыналъэм и щIэр къэрал псом щыпашэ областхым яныхэзу кьыщIэпIуат. 1934 гъэм Ленин орденыр япэ быдэу зратахэм дащыщIт. А дамыгъэ лъапIэр кьыпэкIуат колхозхэр зэхэшэныкIэ диIа ехъулIныгъэ нэрыльагъуэм. Ди щIыналъэм Iэщыхьэрэ гъавэгъэкIыу мин 17,7-м щIигъур лэжьыгъэм щыпашэт.

1935 гъэм щэкIуэгъуэм и 4-м Кавказ Ищхьэрэ крайисполкомымрэ ВКП (б)-м и Кавказ Ищхьэрэ крайкомымрэ унафэ кьащтауэ щытащ колхоз нэхъыфIхэр ягъэгушхуэну, пэрытхэм я зэфIэкIыр хэIущIыну ящынну. Ди хозяйствэхэм ящыщу Кировым (Зеикъуэ), Андреевым (Кэнжэ), Къалмыкъым (Шэджэм Ищхьэрэ) я цIэхэр зезыхь, «Псыгуэнсу» (Псыгуэнсу), «Лениншы» (Новэ-Ивановскэ) колхозхэр крайм и Щыхь пхъэбгъум иратхат. А илъэс дыдэм и дыгъэгъаззм ди хозяйствэ 27-м къэрал дамыгъэ лъапIэхэр кьыхуагъэфащащ. Абыхэм ящыщу Мысостышхуэ Былъэ, колхоз тхьэмадэ Къуий Батlэ, бригадир Яковенкэ Михаил сымэ Ленин орденыр, хозяйствэ унафэщIхэу Блэныхь Темыркъан, Темыржан Хьисэ, бригадирхэу Спивак Михаил, Къэрэ Мусэ, КIуащIыу Мухьтар, Къэрмокъуэ Лэкъымэн, Тихоненкэ Пётр, Чурсин Михаил, Гъуэгунокъуэ Хьэжысмел, Царяпин Георгий, УанащIэ Малил, Гъэщей Хьисэ, колхоз тхьэмадэм и кьуэдзэ Хьэждагу Къэралхъан, звеноводхэу Проникинэ Аня, ГъукIэжь Хьаний, тракторист КIэмыргуей Хьэмид сымэ орден зэмылIужьныгъэхэр кьратащ.

1937 гъэм и мазаем республикэм кьыIэрохьэ мэкъумэш IэнатIэм щыкьыджэр ди лэжьакIуэ 28-рэ зэрагъэпажэм теухуа хъыбар гуапэ. Абыхэм ящыщ фермэ унафэщIхэу Тхьэпльджокъуэ Мэтlитl (Алтlуд), Гъурдыгъуэ Башир (Къэрэгъэш), Джэду Бэчмырзэ (Зэрэгъыж), шыхьэхэу Шэкэр Мусэ (Шэджэм Ищхьэрэ), Тогъуэгей Батий (Аргудан), Нэхущ Тlэмашэ (Къулькъужьн Ипщэ), Къэгъэззэк Билал (Жэмтхьэлэ), Настуев Абдулыкь (Балъкъэр Ипщэ) сымэ Ленин орденыр кьыхуагъэфащащ.

Индустриализацэм и гъэгуфи техьа нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я энергетикэ системэм и зыужьныгъэм и щIэдзапIэт, ди щIыналъэм и социально-экономикэ гъащIэм и IэнатIэ псомэ кьыщыхьуа зэхъуэкIныгъэ инхэм я лъабжьэт.

ПIлыщI гъэхэм я пащIэдзэм республикэм мыльку хъарзынэ бгъэдэлът, ауэ фашист зэрыпхъыкIуэхэм мамыр гъащIэр кьызэпаудащ, ди щIыналъэм хьэхъэри, псэуалъэхэр, фабрикэхэр, заводхэр зэтракIуэтащ, ом мелардитlэм щIигъу и уасэ хэщIныгъэ кьыхтухьаба. Зауэ нэужым гъащIэм и лъныкъуэ псоми зыздаIуэ жьлэ-жащ, мэкъумэшхэкIэ кьетхьэлIэр 1941 гъэм къэдлэжьу щытам щIигъащ, промышленностым зэхъуэкIныгъэ нэрыльагъуэхэр кьыщыхьащ.

1946 - 1950 гъэхэм комбинатыщIэхэр, фабрикэщIэхэр яухуащ, Тырныауэ вольфрам-молибден кьыщIэхьпIэр, Налшык машинэухуэ заводыр, Бахъсэн ГЭС-р, союзпсо мыхьэнэ зиIэ нэгъуэщI предприятэхэр зэрагъэпэщыжащ, пхъэм, ерыскъыкIэхIэм щелэжь IэнатIэкIэ кьызэIуахащ. Экономикэм и IэнатIэ псомэ зэуIуу зрагъэужьащ мурадкIэ, 1959-1965 гъэхэм ятещIыхьа ильэсибл планыр кьрал унафэкIэ нэхъ пасэу ягъэхьэзырауэ щытащ. А илъэсхэм республикэм и цIыхубэ хозяйствэм сом мелуан 451,2-рэ хальхьащ. Абы щыщу сом мелуани 190,2-р промышленностымрэ ухуэныгъэмрэ хухахащ, предприятэщIэу тIощI кьызэIуахащ. Электротехникэ, приборухуэ, станокухуэ, инструментальнэ промышленностым Iуэ зиужьырт. ХъуГуэрIыгъуэ кьыщIэхьпIэщIэу Iыгуей геологэм кьызэIуахат. 1961 гъэм республикэм газыр къэшэн щIадзат, ди заводхэмрэ фабрикэхэмрэ я Iэдакъэщ IакIэр Совет Союзым и щIыналъэхэм я мызакъуэу, нэгъуэщI къэрал пIлыщIым щIигъум хурагъашэрт.

Ди гъавэгъэкIэм, Iэщыхъуэхэм, рабочыкэмрэ инженер-техникэ лэжьакIуэхэмрэ я гуащIэ хьэлэлым хуэфащэ пщIэ кьыпэкIуащ. Куэдым къэралым и дамыгъэ лъапIэхэр кьратащ, цIыху 35-м «Социалист Лэжьыгъэм и ПIыхъжь» цIэр кьыфIащащ.

Иужьрей илъэс тIощIым щIигъум зэрыщыту ди къэралым щытыкIэм сыт хуэдэу зыщимыхъуэжьами, абы ипэ ита лъэхъэнэ кIыхьым Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэдэпсэу лъэпкъхэм къагъэлъэгъуэ Iущагьымрэ пэжагъымрэ, кьапкъыкIа гупсысэ узыншэмрэ яхэлъа фIэщхъуныгъэмрэ ди щIыналъэм дяпэкIи и къэкIуэнум хуэщхъэпэнущ, вагъуэ мыужьыкьыжщIэблэнущ.

Дызэрыт лъэхъэнэр къэтщтэнщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш лэжьыгъэм, Iэщ гъэхъунымрэ зыщIэпIэжьынымкIэ, зэрыщытам ефIэкIыжу зыщIагъэжьыжьынымкIэ хэкIыпIэ узыншэхэр щыдIищI. Абы кIэ шэсыпIэщ дунейм и щытыкIэр нэхъ зэгъэуу зэрыщекIуэкIри, щхьэзакъуэ, дзей зэдэпэжьэкIэм тет фермер хозяйствэхэм зэрыщыкъхъуэри. Иужьрей илъэсхэм дриплъэжмэ, гъавэгъэкIэм нэхъ зратащ ди губгъуэхэм гуэдзыр, нартыху гибрид пIэпкъыгъуэхэр щыхэсэным, хадзэкIэмрэ пхъэщхьэмыщхьэмрэ егупуу кьыщыгъэкIыным. Зэрыщыту кьатщтэмэ, Iущ гъэхъунымрэ джэдкъаз зехуэнымрэ пэрытхэми я Iуэхуэр ефIакIуэ зэпытщ...

ЛУЦЭ Сулътlан.

Ди блэкIамрэ нобэмрэ зэпызыщIэ

Мы махуэхэм ди республикэм егъэлъапIэ къэралыгъуэ зэригъэтрэ ильэси 100 зэрырикъуэр. Сыт хуэдэу щыта а лъэхъэнэр ди щIыналъэм и дежкIэ? Дауэ, сыт хуэдэ лъэпощхьэпохэмрэ гугъуехь инхэмрэ кьызэранэкIа ди цIыхуэхэм, екъуIэныгъэхэмрэ гуфIэгъуэшхуэхэмрэ я псэм зыщыта я гъэгуанэр кьыщакIум? Абыхэм я жэлэныр къэзытыфыну, блэкIам худи1апхъэ гупсысэр зыунэтIыфыну щыIэ Iэмалхэм ящыщщ ди лъэпкъ архивэм щахъумэ дэфтэрхэр. КъБР-м и Архив къулыкъущIапIэм иджыпрей тхыдэм и дэфтэрхэр хьумэныкIэ и IэнатIэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьа Ащхъуэт Раисэ ди республикэм и тхыдэм фIыуэ щыгъуазэ, щIыналъэм и къэхъуькащIэ блэкIахэм яIа мыхьэнэр зыхэзыщIэ, агъэ блэкIамрэ нобэмрэ зэпызыщIэу, къэкIуэнум дыхуэзыщIэу Iуэхугъэу зыщытыр нобэ къыхуэгурыIуэ лэжьакIэ гуфIэгъэ. Ащхъуэтыр ящыщщ ди щIыналъэм и зыужьныгъэм гуэр псэкIэ хуэлэжьа хэкупсэхэм.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, республикэм и жылагъуэ Iуэхугъэм ежьэру хэта Ащхъуэт Раисэ КъБАССР-м и Тэрч щIыналъэм хиубыдэ Красноармейскэ кьуажэм 1948 гъэм къащIалъхуащ. Ащхъуэтхэ Мухьэмэдрэ КIуэкIулицэрэ я унагъуэшхуэм къащIыхьуащ ар. Адэ-анэм зэдагъэзэтащ икIи зэдапIащIалIилIрэ къыщыхьэбзиплIрэ. Гъэрэ, Рудольф, Алий, Валерэ, Майе, Раисэ, Ларисэ, Светланэ сымэ. Зэгурыlуэрэ зэдэIуэжьрэ зэрылъ унагъуэ насыпыфIэм иса бып псэри нэхъыжьхэм щIапIыкIащ адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ. Абыхэм ящыщ дзэжьыгъэм щIыныгъэрэ зэрыпсэун Iэщ Iагъэр ирагъэзыгъащ, гъащIэми пIы быдэ-кIэ хагъэзыфащ.

Я жылэм илъэсий школыр ехъулIныгъэкIэ кьыщIихри, Раисэ Налшык дэт педучилищэм егъэджакIуэ Iэщ Iагъэр щызригъэгъуэтащ. ЕгъэджакIуэ ныбжьыщIэм лэжьэн щыщIидзащ. Тэрч районым хьиэ Урожайнэ къуажэм дэт курыт школым. Иужькlэ лэжьыгъэм щыпищащ Налшык къалэм и курыт школ №1-м. Лэжьыгъэм щIэх дыдэу хэзэгъа икIи Iэщ Iагъэм и щэхуэм ящыщ куэд кьызэIуахэ бзылъхугъэ жьыджэрым гу лъымытау къэнакъым. Куэд дамыкIыу Раисэ ягъэуващ егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэм я къалэ советым и унафэщIу. Адэкlэ комсомол лэжьыгъэми дихьэхащ. 1969 гъэм щегъэжьауэ 1983 гъэм нэсыху Ащхъуэтыр щытащ БЛКСМ-м и Налшык къалэ комитетым, БЛКСМ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым, КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым я аппаратхэм я лэжьакIуэу.

Раисэ щигъэзэрыжьа, флагъышхуэ зиIэ Iэмэпсымэхэр щIынмкIэ лIэщIыгъуэ кIуам и бгъущI гъэ пщIондэ абы СССР-м бжьыпэр щиныгъащ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыгушхуэу щыта Тырныауэ вольфрам-молибден комбинатым гуащIэдэкIыгъэкIэ гъэнщIа гуимыкуэ напэкIуэцIкэр республикэм и тхыдэм хитхащ. ЦIыху мини 6,5-рэ щылажьэ предприятэ лъэрызехьэм Iуэхущапlэ мини 10-м нэблагъэ щIуэгъэнэжьмкIэ кьызэригъэпэщырт. 1934 гъэм лажьэу ирагъэжьауэ щыта комбинатым Совет къралыгъуэм и промышленностым зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ.

1936 гъэм фокIадэм и 20-м яутIыпща Бахъсэн ГЭС-м и япэ гидроэргетым и республикэм и гидроэнергетикэм и тхыдэм увыпIэ нэхъыщхьэ щыебыд. А къэхъуьащIэ гъуэзэджэр Ставрополь краймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я энергетикэ системэм и зыужьныгъэм и щIэдзапIэт, ди щIыналъэм и социально-экономикэ гъащIэм и IэнатIэ псомэ къыщыхьуа зэхъуэкIныгъэ инхэм я лъабжьэт.

ПIлыщI гъэхэм я пащIэдзэм республикэм мыльку хъарзынэ бгъэдэлът, ауэ фашист зэрыпхъыкIуэхэм мамыр гъащIэр къызэпаудащ, ди щIыналъэм хьэхъэри, псэуалъэхэр, фабрикэхэр, заводхэр зэтракIуэтащ, ом мелардитlэм щIигъу и уасэ хэщIныгъэ кьыхтухьаба. Зауэ нэужым гъащIэм и лъныкъуэ псоми зыздаIуэ жьлэжащ, мэкъумэшхэкIэ кьетхьэлIэр 1941 гъэм къэдлэжьу щытам щIигъащ, промышленностым зэхъуэкIныгъэ нэрыльагъуэхэр кьыщыхьащ.

1946 - 1950 гъэхэм комбинатыщIэхэр, фабрикэщIэхэр яухуащ, Тырныауэ вольфрам-молибден кьыщIэхьпIэр, Налшык машинэухуэ заводыр, Бахъсэн ГЭС-р, союзпсо мыхьэнэ зиIэ нэгъуэщI предприятэхэр зэрагъэпэщыжащ, пхъэм, ерыскъыкIэхIэм щелэжь IэнатIэкIэ кьызэIуахащ. Экономикэм и IэнатIэ псомэ зэуIуу зрагъэужьащ мурадкIэ, 1959-1965 гъэхэм ятещIыхьа ильэсибл планыр кьрал унафэкIэ нэхъ пасэу ягъэхьэзырауэ щытащ. А илъэсхэм республикэм и цIыхубэ хозяйствэм сом мелуан 451,2-рэ хальхьащ. Абы щыщу сом мелуани 190,2-р промышленностымрэ ухуэныгъэмрэ хухахащ, предприятэщIэу тIощI кьызэIуахащ. Электротехникэ, приборухуэ, станокухуэ, инструментальнэ промышленностым Iуэ зиужьырт. ХъуГуэрIыгъуэ кьыщIэхьпIэщIэу Iыгуей геологэм кьызэIуахат. 1961 гъэм республикэм газыр къэшэн щIадзат, ди заводхэмрэ фабрикэхэмрэ я Iэдакъэщ IакIэр Совет Союзым и щIыналъэхэм я мызакъуэу, нэгъуэщI къэрал пIлыщIым щIигъум хурагъашэрт.

Ди гъавэгъэкIэм, Iэщыхъуэхэм, рабочыкэмрэ инженер-техникэ лэжьакIуэхэмрэ я гуащIэ хьэлэлым хуэфащэ пщIэ кьыпэкIуащ. Куэдым къэралым и дамыгъэ лъапIэхэр кьратащ, цIыху 35-м «Социалист Лэжьыгъэм и ПIыхъжь» цIэр кьыфIащащ.

Иужьрей илъэс тIощIым щIигъум зэрыщыту ди къэралым щытыкIэм сыт хуэдэу зыщимыхъуэжьами, абы ипэ ита лъэхъэнэ кIыхьым Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэдэпсэу лъэпкъхэм къагъэлъэгъуэ Iущагьымрэ пэжагъымрэ, кьапкъыкIа гупсысэ узыншэмрэ яхэлъа фIэщхъуныгъэмрэ ди щIыналъэм дяпэкIи и къэкIуэнум хуэзыщIэпэнущ, вагъуэ мыужьыкьыжщIэблэнущ.

Дызэрыт лъэхъэ

Зыужьныгъэм и джэлэс

Ди щІыналъэм и тхыдэм и напэкІуэцІхэм къызэрагъэпэжымкІэ, 1859 гъэм Налшык щаухуауэ щытащ ящэ школхэр. Абы лъабжьэ хуэхъуат «Бгырыс еджапІэхэм я уставыр». А дэфтэрым ипкъ иткІэ, къалащхьэм къыщыщІэуахат классищ къыщыбгъх хъуну еджапІэ. Абы сабийхэр щыхурагъаджэрт, псом ящрагъэу, дин Іуэхум, адэкІэ урысыбзэм, есэпым, географием, гулъытэ щыхуащІыртсурэт щІыныбмрэ дахэу тхэнымрэ.

ЕДЖАПІЭМ хэт пансионым щыІэхэр унагъуэ къулейхэм, лъэпкъ цІэрыІуэхэм къаэскІащІэблэт. Хэхъ иужьыуэкІэ еджапІэм къащтэу хуеижащ адыгэ, балъкъэр мэкъумэшыщІэхэм я бынхэри. 1873гъэмрегъэджакІуэхэр щагъэхьэзыр класс хэха къыщыщІэуахащ окружной еджапІэм. ИтІани, лъэпкъ щІэныгъэлІу, ІэщагъэлІу диІэр машІэ дыдэт: 1878 гъэм ирагъэджа щІыху 7384-м адыгэу яхэтыр 89-т, балъкъэру - 35-т. Апхуэдэ еджапІэхэм щІэныгъэ щызрагъэгъуэтауэ щытащ ди лъэпкъ щІэныгъэм, щэнхабзэм я лъабжьэр зыгъэтІылъахэу ХьэтІохъущокъуэ Хъазий, Абыкъу Мухьэмэд, Къармэ Исхьэкъ, Сэхъу Нурий, Елбэд Хьэрэн сымэ.

1921-1922 гъэ еджэгъуэщІэм ирихьэлІэу Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ щылажьэрт школ 65-рэ. Абыхэм кІуэрт ныбжьыщІэ 3500-рэ. Апхуэдэ ехьулІэныгъэм иригушхуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет хэтхэм я 3-нэ съездым унафэ щащІащ щІыналъэм хиубыдэ жылэ къэс 1924 гъэм ирихьалІэу школ къыщыщІэухьи хуейуэ. Налшык Іэмал имыІэу лэжьэн щыщІидзэн хуейт еджапІэ кьалэ цІыкІум, щІэныгъэ зыбгъэдэлъ Іэщагъэлі хырых - куаджэ гъэззэщІакІуэ комитетым и секретарэ Іэщагъэлірэ, парт, комсомол лажьыгъэхэр зезыгъэкІуэн, егъэджакІуэ, тыкунтет - къуажэ къэс хуигъэхьэзырынырэ и кьалэн нэхъыщхьэу. Апхуэдэуи хъущ: ильэситІ нэхъ дэмыкІыу ди щІыналъэм щылажьэт пэщІэдзэ школ ли 124-рэ, ильэсибл школи 2. Псори зэхэту абыхэм щеджэрт сабий 7619-рэ (абыхэм я Іыхьэ щанэм нэсыр хущыджэбэ цыкІухэт). А школхэм щылажьэрт егъэджакІуэ 262-рэ.

Школхэр щэщІауэ къыщыщІэуах ильэсхэм адыгэбзэм и альфбейр щыІэт хьэрыпІ, урыс тхыкІэхэм тету. Ди къэралыгъуэр щызэфІэувэ ящэ ильэсхэм альифбеитІри зэгъусэу къагъэсэбэпащ. ИужькІэ, 1923 гъэм и пэщІэдзэм адыгэбзэм и зыужьныгъэм хуэунэтІа зэрыщІэ ин Псыхуабэ щрагъэкІуэкІащ. Абы унафэ къыщащтащ адыгэбзэр дяпэкІэ латин графикэм тегъуэвэн хуейуэ. А Іуэхум яужь ихьауэ щытащ адыгэ щІэныгъэлІ, егъажгъэшхуэ, зэкупсэ нэс Хьуран Батий. А зэманым ар Налшык округым щІэныгъэмкІэ и къудамэм и унафащІу лажьэрт. Хьуранымэ и алыфбейр 1925 гъэм иригъэфІкІуэуэ щытащ Борыкъуей ТІуатІэ, арщхьэкІэ ильэси 5 дэкІри, абыи зэхъуэжьІныгъэ игъуэтащ икІи къыкІэлъыкІуэ ильэс зыбжанэм абы тетащ.

1935 гъэм адыгэбзэр латин графикэм кърахри, урыс тхыкІэм ирагъэзгъащ. А лэжьыгъэри зыгъэзэщІар Борыкъуей ТІуатІэщ. Иджырей ди анэдэлъхубзэм иужькІей зэхъуэжьІныгъэхэр щыхальхьар 1939 гъэрщ. Абы елэжьауэ щытащ. еджагъэшхуэ Яковлев Николай зи пашэ щІэныгъэ комиссэ щхьэхуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхубэм щІэныгъэ зэгъэуэтыным псэ хьэлэлу хуэлэжьа лъэпкъ Іэщагъэлі 22-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэкІэ 1939 гъэм иратауэ щытащ къэрал дамыгъэ лъапІэхэр.

Хэку зауэшхуэм и ильэсхэм курыт школхэм я нэхъыбапІэм лэжьыгъэр щызэпагъэуэуэ щытащ Іэмалынышагъэм кьыхэкІыу. Бийр ди щІыналъэм зэрырахужу абыхэм я бжэкэр кьызэІуахьжащ икІи, псы хуэлІа къэкІыгъэм хуэдэу, щІэныгъэ зэгъэгъуэтыным хуэпабгъэ ныбжьыщІэхэм еджэным пащащ.

Егъаджэныгъэ Іэнатіэм хэпщІыкІыу зиужьащ зауэ нэужь лъэхъэнэм. Совет Союзым щызэтеуа школ егъаджэныгъэр дуней псом щапхъэу кьыщаухы екІуэкІащ лІэщІыгъуэ блэкІам и 90 гъэхэм нэсыху. Къэралым а лъэхъэнэм щекІуэкІэ зэхъуэкІныгъэхэр егъаджэныгъэ Іэнатіэм нэсащ. Щытыкіэр кьалъытэри, республикэм и курыт школхэм зэрыщрагъаджэ программэхэм хагъэхьауэ щытащ лъэпкъ-щІыналъэ Іыхьэр. Абы илкъ иткІэ гулъытэ хаха хэхуэ щытащ лъэпкъыбзэхэр, тхыдэр, щэнхабзэр джыным. Апхуэдэу школакІуэхэм нэхъ хэкъуэзуэ ирагъаджу хуежьащ зрагъэгъуэтыну я мурад Іэщ1агъэм епха предметхэр (профильнэ егъаджэныгъэ). КъыкІэлъыкІуэ илъэсхэм гулъытэ игъуэтащ еджапІэхэр Интернетым пыщІэным, дунейпсо мардэхэм яхуэкІуэ технологие пэрытхэр лэжьыгъэм шэщІауэ къыщыгъэсэбэныным.

Къэбэрдей-Балъкъэрым мы зэманым щолажьэ курыт щІэныгъэ щІэблэм щрагъэгъуэт Іуэхущ1апІэ 266-рэ. Абыхэм екІуалІэ ныбжьыщІэ мини 115-м щІигъуи ядолажьэ Іэщ1агъэлІ мин 12-м нэс. Абыхэм ящыщу мини 7,5-м щІигъур егъаджакІуэщ. Ди машІэ-Іэщ1агъэ щыІэщ зыбгъэдэлъ егъаджакІуэфхэр, ди куэдщ ныбжьыщІэ зэчиифІэхэр. Курыт школхэм, лицейхэм курыт щІэныгъэ щыззэщІуэт ныбжьыщІэхэм ябгъэдэлъ зэфІэкІхэм щыхэгъахьуэ ди республикэм щылажьэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм. Апхуэдэхэщ Бэрбэч Хьэтлытіэ и цІэр зезыхьэ КъэбэрдейБалъкъэр къэрал университетыр (1932 гъэ), КІуэкІуэ Валерэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэшыщІ университетыр (1981гъэ), Кавказ Ищхьэрэм Гъэзэджэхэмкіэ и къэрал институтыр (1990 гъэ), Кооперацэмкіэ, экономикэмрэ правэмкІэ Белгород университетымрэ Иджырей гуманитар академиемрэ я кЬудамэхэу ди республикэм щылажьэхэр. Студент минкэм щІэныгъэ куу щрагъэгъуэт а еджапІэ нэхъыщхьэхэми абыхэм кьепха колледжхэми ящыщ дэтхэнэми тхыгъэ щхьэхуэ яхуэфащэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и егъаджэныгъэ Іэнатіэм адэкІи зиужьыным, дапщэщи хуэдэу, республикэм и унафэщІэхэм гулъытэ лъагэ хуащІ, ди къэралыгъуэр нэхъри зэрыбгъэбэдэ хъуну Іэмалхэм ар зэращыщыр къагурыІуэу.

ТАМБИЙ Линэ.

РОССИЙСКАЯ ЭКОЛОГИЧЕСКАЯ ПАРТИЯ
ЗЕЛЁНЫЕ
№2 в избирательном бюллетене

БЕЗГОДКО Владимир (ЛДПР политикэ парт)

Щыхухэм лей ехьныр къэвгъанэ!

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат хэхыныгъэхэм сыздэрыхэтым къыхэкІыу, куэдрэ къызоупщІ ЛДПР политикэ партымрэ КъБР-м и Парламентым и ЛДПР фракцэмрэ пенсэм теухуа зэхъуэкІныгъэхэм зэрыхущытым теухуауэ.

НОБЭ сывдзэгушэну сыхуейщ сэ а Іуэхум хузиІэ еплъыкІэмкІэ. Ар зэрыщыту тохуэ ЛДПР политикэ партым и программэм. Урысейм щызэфІэува пенсэ ухуэкІэм сыт и лъэныкъуэкІи щыщІэныгъэ и куэдщ. Кьызэрыгуэкі цІыхум кьыгурыІуэркъым икІи кьыбжьыбгнукъым жьы хъумэ кьихьыну пенсэр зыкуэдизыр. Абыкіэ цІыхубэм лей ирах!

2020 гъэм Урысейм лІэхэм я бжьыгэр процент 18-кІэ нэхъыбэ щыхъуащ (щІыху миныи хуэзэу 323,8-рэ). Ар Росстатым къыгъэлэгъуэ Іыгъэщ. 2021 гъэм а бжьыгэр нэхъыбэж хъунущ. Иджыпсту Урысейм и цІыхуэхэр зэрыхъуэжыр мелуани 146,24-рэщ. Ар мин 510-кІэ нэхъ мащІэщ 2020 гъэм щІышыІэм и 1-м ельытауэ. Сыт абы къыбжиІэр? ИтІани къэралым и цІыхуэхэр пенсэ кІэуну щыхуит ныбжьым хуэдизрэ псэууэ аращ. Дэнэ гъащІэ кІыхь здэщыІэр? Сыт зи гугъу фщІыр?

Ираудыхахэмрэ ягъэпудахэмрэ

Пенсэм халъхьа зэхъуэкІныгъэхэм къаша псалъэмакъэм нэмыщІ пенсэ ныбжьым нэблэгъахэр ираудыхащ икІи ягъэпудащ. Ар пенсэ ныбжьым нэсыным тым и мастер, дунейпсо чемпионатым жэз, Европэпсо зэпеуэм дыжьын медалэр къыщызыхьа **Къардэн Рагнеттэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 22-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхъунущ.

ФокІадэм и 3, *мэрем*

✦Терроризмэм ебэныным щызэхъуэурэвэным теухуа махуэщ

✦БесЬэн кьалэм къыщыхъуа теракты хэкІуэдахэм я фэепльэ махуэщ

✦Молдовэ Республикэм и лъэпкъ армэм и махуэщ

✦Австралиеи и къэрал ныпым и махуэщ

✦1612 гъэм ПІожарский Дмитрийрэ Черкасский Кьанщауэрэ польшэдзэм текІуащ.

✦1826 гъэм Николай Езанэр Урысейм и пащтыкъу зэрагъэувым и нэщэнэу тажьр щхьэрэтІэгъащ.

✦1847 гъэм пащэжащ Ленинград и метрополитенэр ухуэным. А лэжьыгъэхэр зэпагъэуауэ щытащ зауэм и зэранкІэ.

✦1953 гъэм Хрущёв Никитэ КПСС-м и ЦК-м и ящэ секретарэ тахащ.

✦КъБР-м и къэрал жылагъуэ лэжьакІуэ, КъБАССР-м и Министрэхэм я Советым и унафэщІу щыта Дохъущокъуэ Мусэ къыщэралъхуэр илъэс 89-рэ ирокъу.

✦УФ-ми КъБР-ми щыІэ зиІэ я егъэджакІуэ **Гугъуэт Лол** къыщэралъхуэр илъэс 87-рэ ирокъу.

✦КъБР-м и цІыхубэ суэрэтыщІ **БжэІымыХ Хьид** къыщэралъхуэр илъэс 85-рэ ирокъу.

✦Литературэдж, тхакІуэ, КъБКъУ-м и доцент **Абазэ Албэч** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 17, жэщым градуси 10 - 11 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

МафІэрэ гуфІэгъуэрэ.

Жылагъуэм пщІэшхуэ щызиІэ Бер Мухьэдин

Республикэм и тхыдэм зи цІэр фІыкІэ къыхэнаэхэм ящыщщ 1970 - 1996 гъэхэм КъБР-м узыншагъэр хъумэныкІэ и министру щыта Бер Мухьэдин. ИкъукІэ лэжьыгъэшхуэ щригъэкІуэкІащ абы а Іэнатіэм. Апхуэдэуи щІыналъэм и жылагъуэ гъащІэми жыджэру хэтащ.

БЕР Мухьэдин 1934 гъэм Брамтэ (Вольный Аул) жылэм кьыщалъхуащ. Абы дэт курыт школыр къиуха нэужь, Налшык и фельдшер-акушер еджапІэм щІэтІысхащ. А зэманым ар комсомолми хьыкащ. Еджэныгъэм фІыуэ зэрыхэзагъэм кьыдэкІуэри, еджапІэм щекІуэкІ суд хуэдэ Іуэхуми и эофІэкІ кьыщцІэльэгъуэ. КьыззэгъэпэщакІуэ хьарзынэу зэрыщытым гу лъатэри, студентхэм я профкомым и унафэщІуи хахат.

1953 гъэм Берым Налшык и фельдшер-акушер еджапІэр ехьулІэныгъэкІэ кьиуухащ. АдэкІэ лэжьыгъэм пэрыхьэнми е и щІэныгъэм пищэнми имыщІэу гупсысэгъуэ хэхуа щІалэм щхьэпэ хуэхъущ зыщІэса еджапІэм и унафэщІым и чэнджэщыр.

«Дукельский Юрий щылажьэ пэшым сригъэблагъэри, си мурадхэр зригъэщІащ, езым и епльыкІэри кьыжьИэри, сытригъэгушхуащ Ленинград дэт медицинэ институтым сыщІэтІысхьэну. Сигу кьэзгъэкІыжащ си анэм мастэ хэслъхьэфын папщІэ фельдшер сыхьыныр си хъуэдапІэу зэрыщытар. Иджы Іэмал сиІэт дохутыр Іэщ1агъэр зэзгъэгъэтыну. Аращи, си анэми сеІэзэфынущ!», - игу кьегъэкІыж Мухьэдин щІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтыну тегушхуауэ зэрыщытар.

Апхуэдэу, нэхъыжьым и жьІэм едаІуэри, Бер Мухьэдин 1953 гъэм щІэтІысхьэщ щытащ Ленинград дэт Санитар-гигиенэмкІэ медицинэ институтым. Зэреджэм хуэдэурэ ар институтым и кафедрэхэм ящыщ зым лабораториу щылэжьащ.

1959 гъэм Мухьэдин и кьэкІуэнэр зыхуэдэнэр зыубзыхыу Іуэхугъуиті и гъащІэм кьыщыхьащ: ар партым хьыкащ икІи медицинэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зэрыкІэм щыхьэт техьэу дипломыр кьыІэрыхьащ.

Берым и лэжьыгъэ гъэзугуанэр «Налшык» курортым дохутыр-инспектору кьыщыщІидзащ. ИлъэсищкІэ абы щыІуэу абы кьыхуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр щІынальэ курорт управленэм и дохутыр-инспектор нэхъыщхьэм и кьулыкъур. 1963 гъэм ар ягъэуващ курорт поликлиникэм и дохутыр нэхъыщхьэу. Иужькіэ ар лэжьащ «Терек», «Эльбрус» санаторэхэм я дохутыр нэхъыщхьэу.

А ильэсхэм Мухьэдин жыджэру зыкъыщІэпэзгъуащ КъБАССР-м и жылагъуэ гъащІэм. 1963 - 1969 гъэхэм ар Медицинэ лэжьакІуэхэм я профсоюзым и обкомым и президиумым хэтащ, 1965 - 1967 гъэхэм Налшык къалэ Советым и депутату щытащ.

Іэнатіэ хъарзынэхэр иІэми, Мухьэдин сытым дежи щІэхъуэпсырт и Іэзагъэм, эофІэкІым адэкІи хигъэхъуэну. Абы медицинэм и унэтІныгъэ зэхуэмыдэхэмкІэ щыІэ курсхэм, семинархэм и щІэныгъэм щыхигъахьуэрт. Ауэ абыхэмкІи арэзы зыхуэмыхьужу, Ленинград дэт Санитар-гигиенэмкІэ медицинэ институтым и аспирантурэм 1967 гъэм щІэтІысхьажащ, икІи 1970 гъэм и диссертацэр пхигъэкІри, медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат хъуащ.

Сыт хуэдэ Іэнатіэ пэрагъэувэми, Іэщ1агъэлІ нэсу, кьызэгъэпэщакІуэ Іэзэу, жэуапІныгъэ зыхэлъ лэжьакІуэу зыкъэзэыгъэльагъуэ адыгэлІым и зэфІэкІхэри жылагъуэм щиІэ пщІэри кьалъытэри, 1970 гъэм и мэлыхьыхь мазэм ар ягъэуващ республикэм узыншагъэр хъумэныкІэ и министру. 1971 гъэм Мухьэдин КПСС-м и обкомым хагъэхьащ, иужькІэ куэдрэ а кьаланэр пщэрыльэ щащащІ. А илъэс дыдэм Берыр КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату хахащ.

Республикэм узыншагъэр хъумэныкІэ и министрым и кьулыкъур щрихьэкІа ильэсхэм псом хуэмыдэу наІуэ хъущ Мухьэдин хэлъ кьызэгъэпэщакІуэ хьэлъфІыр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и медицинэ Іуэхущ1апІэхэм я щытыкІэр, цІыхухэм хуащІэ Іуэхутхъэбзэхэр зыхуэдэм щыщІэныгъэкъуащ, кьетхьэжьэ Іуэхуэхэр кьыддалыгъащ».

Пенсэм кІуэ нужьи зигъэпсэхуу ТІысыжакъым Берыр. Маслов Александр, Кьардэн Ахьмэд, Щомахуэ Алексей сымэ я гъусэу абы кьыдигъэкІащ «История медицины Кабардинского округа: события и лица (1858 - 1899)» тхылъыр. Абы кьыщыгъэлъэгъуащ щІыхьэ медицинэм и Іэзэкіэхэр, узыфэ зэрыщІэлэжьэ кьызэрыщІэкІуэсыгъуэхэр, «Налшык» курортыр кьызэрыгъэнэхуам, зэрызиужьам и тхыдэр, зи гугъу ящІ лъэхъэнэм щІыхуэм хуащІэу щыта медицинэ Іуэхутхъэбзэхэр зыхуэдар, жылагъуэм я узыншагъэр хъумэным зи гуащІи зи кьаруи щымысхьыжу хуэзыгъэпсэ дохутыр гъэзэджэхэм я Іуэщ1эр, нэгъэщІ куэди.

Бер Мухьэдин и зэфІэкІ лъагэхэм, республикэм и зыужьныгъэм жыджэру зэрыхуэлэжьам и щІыхьэтщ абы хуагъэфэща дамыгъэ, щІыхьыщІэ лъапІэхэр. Ар РСФСР-м, КъБАССР-м щІыхь зиІэ я дохутырщ, «Лъэпкъым я зэныбжьэгъуфІэ» орденыр», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр кьратащ, «Налшык къалэ щІыхь зиІэ и цІыхущ», нэгъэщІ медаль, фІыщІэ, щытхъу тхылъ зэмылІэужьыгъуэ куэдкІи ягъэпэжащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

Мы махуэхэм

ФокІадэм и 1, *бзэгъэжьей*

✦ЩІэныгъэхэм я махуэщ. Ар щагъэлъапІэ Армение, Белоруссие, Къэзахъстан, Кыргызыз, Латвие, Молдавие, Урысей, Тыркумэн, Украинэ я къэралыгъуэхэм.

✦ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэщ. 1921 гъэм Къэбэрдей автоном областыр къызэрагъэпэщащ. 1936 гъэм къыщыщІэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-щ.

✦ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и махуэщ

✦Налшык къалэ и махуэщ

✦Узбекистан Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ. 1991 гъэм республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и сессиемк кьыщащтащ къэрал суверенитетым теухуа унафэр.

✦Словакием и Конституцэм и махуэщ

✦1255 гъэм Кёнигсберг быдапІэм и лъабжьэр ягъэтІылъащ.

✦1569 гъэм урыс пащтыкъ Иван IV и щхьэгъусэ, Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ (Марие) дунейм ехьыжащ.

✦1674 гъэм адыгэпщ Мущал и кьуэ Кьасболэт и дзэм Азов и деж тыркудзэр щызэтрикъутащ.

✦1714 гъэм Пётр Езанэм и унафэкІэ Петербург кьалэм кьыщыкІэуахащ Урысейм щыІэп хэкъал библиотекэр. Иджыпсту ар Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и академиемк и библиотекэщ.

✦1919 гъэм ВГИК-р - Кинематографием и урысейпсо институтыр - къызэрагъэпэщащ.

✦1938 гъэм «Правда» газетым ящэ дыдэу кьытехуащ «Хэкум папщІэ! Сталиным папщІэ!» кьыхуеджэныгъэр.

✦1939 гъэм ЕтІуанэ дунейпсо зауэр кьэхьеящ.

✦1940 гъэм Тырныауэ вольфрам-молибден комбинатыр лажьэу яутІыпщащ.

✦1940 гъэм Налшык къыщыщрагъэпэщащ адыгэ, балъкъэр балет студиехэр.

✦1964 гъэм ящэ дыдэу къалъэгъэгъуащ «НэхъыбэфІ фыкъыкІ, цІыкІухэ!» нэтыныр.

✦2004 гъэм Осетие Ищхьэрэм хьыхь Беслъэн къалэм дэт езанэ курыт школыр щІэпхъаджащІэхэм яубыдащ. Махуищкіэ гуэзэгъэщхуэ хэтащ зэрыкъэралу - гъэ еджэгъэщІэм и ящэ махуэм курыт школым екІуэлІа цІыху 1128-рэ гъэру яубыдат террористхэм. А махуэхэм цІыху 333-рэ хэкІуэдащ - сабийуэ, абыхэм я адэ-анэхэру, ФОБ-м и лэжьакІуэхэру.

✦Урыс бзэщІэныгъэлІ, кавказыбзэхэр джыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа **Услар Пётр** къыщэралъхуэр ильэс 205-рэ ирокъу.

✦Къэрал лэжьакІуэ, Къэбэрдей АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэщІу щыта **Къудей Чэрим** къыщэралъхуэр ильэси 112-рэ ирокъу.

✦Урысей актёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Гармаш Сергей** и ныбжьыр ильэс 63-рэ ирокъу.

✦Къэрал къулыкъущІэ, Краснодар щІыналъэм и губернатор **Кондратьев Вениамин** и ныбжьыр ильэс 51-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 28-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

ФокІадэм и 2, *махуэку*

✦ЕтІуанэ **дунейпсо зауэр щиуха махуэщ.** Абы и щыхьэту, 1945 гъэм США-м и «Миссури» кьэхьыш Іэ щытрадзащ Японием зэрызитым теухуа дэфтэрым.

✦Урысей гвардием и махуэщ

✦УФ-м и Полицэм и плъырпост къулыкъум и махуэщ

✦Вьетнамым и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ

✦1612 гъэм Пожарский Дмитрийрэ Черкасский Кьанщауэрэ польшэдзэм текІуащ.

✦1826 гъэм Николай Езанэр Урысейм и пащтыкъу зэрагъэувым и нэщэнэу тажьр щхьэрэтІэгъащ.

✦1875 гъэм Москва щагъэтІылъащ Тхыдэ музейм и лъабжьэр. Абы мыхьэнэшхуэ зэриІэр кьиугъэлъагъуэу Іуэхум щыкІуэ ныбжьым хуэдизрэ псэууэ аращ. Дэнэ гъащІэ кІыхь здэщыІэр? Сыт зи гугъу фщІыр?

Ираудыхахэмрэ ягъэпудахэмрэ

Пенсэм халъхьа зэхъуэкІныгъэхэм кьаша псалъэмакъэм нэмыщІ пенсэ ныбжьым нэблэгъахэр ираудыхащ икІи ягъэпудащ. Ар пенсэ ныбжьым нэсыным тым и мастер, дунейпсо чемпионатым жэз, Европэпсо зэпеуэм дыжьын медалэр къыщызыхьа **Къардэн Рагнеттэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 22-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхъунущ.

ФокІадэм и 3, *мэрем*

✦Терроризмэм ебэныным щызэхъуэурэвэным теухуа махуэщ

✦БесЬэн къалэм къыщыхъуа теракты хэкІуэдахэм я фэепльэ махуэщ

✦Молдовэ Республикэм и лъэпкъ армэм и махуэщ

✦Австралием и къэрал ныпым и махуэщ

✦1612 гъэм ПІожарский Дмитрийрэ Черкасский Кьанщауэрэ польшэдзэм текІуащ.

✦1826 гъэм Николай Езанэр Урысейм и пащтыкъу зэрагъэувым и нэщэнэу тажьр щхьэрэтІэгъащ.

✦1847 гъэм пащэжащ Ленинград и метрополитенэр ухуэным. А лэжьыгъэхэр зэпагъэуауэ щытащ зауэм и зэранкІэ.

✦1953 гъэм Хрущёв Никитэ КПСС-м и ЦК-м и ящэ секретарэ тахащ.

✦КъБР-м и къэрал жылагъуэ лэжьакІуэ, КъБАССР-м и Министрэхэм я Советым и унафэщІу щыта Дохъущокъуэ Мусэ къыщэралъхуэр ильэс 89-рэ ирокъу.

✦УФ-ми КъБР-ми щыІэ зиІэ я егъэджакІуэ **Гугъуэт Лол** къыщэралъхуэр ильэс 87-рэ ирокъу.

✦КъБР-м и цІыхубэ суэрэтыщІ **БжэІымыХ Хьид** къыщэралъхуэр ильэс 85-рэ ирокъу.

✦Литературэдж, тхакІуэ, КъБКъУ-м и доцент **Абазэ Албэч** и ныбжьыр ильэс 57-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 17, жэщым градуси 10 - 11 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

МафІэрэ гуфІэгъуэрэ.

Российская объединенная демократическая партия
ЯБЛОКО
Яблоко

**«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр хэхыныгъэхэм сыздэрыхэтым къыхэкІыу, Къэрал Думэм и «Урысей зэкъуэт» фракцэм къыхилъхьам щхьэкІэ, ЦІыхухэм пэжыгъэ къаухъэзыгъуэт Іэхъущ1апІэхэм Іутщ. А ныбжьым итхэм папщІэ лэжьыгъэ щІэзэкъым. Аехр ухуакІуэ хъунуи, станок бгъэдэтыныр щІалэжжьым. Къахуэнэжыр вахтёр Іэщ1агъэращ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, лэжьапІэ Іэнатіэр махуэ къэс нэхъ мащІэ хъу зэпытщ. Кьулыкъу зыІыгъэмэ гастарбайтерхэр къагъэсэбэп. «Пенсэ зэхъуэкІныгъэхэм яужькІэ пенсионер мин 200-м нэс ильэс къэс я Іэнатіэхэм кьыІуэнущ», - жиІэрт Іэщ1агъэлІхэм. Аращ къэхъуари. А зэхъуэкІныгъэхэм яужькІэ пенсэ ныбжьым гъунэгъу хуэхъуа куэд улахуэмэ, пенсэми пагъэкІащ. Властым и партым пенсэ ныбжьым щыхигъахъэри, а ныбжьым гъунэгъу хуэхъуахэм лэжьыгъэ кьыхуагъуэтырфын я гугъащ.

Пенсэ тэмэм ухуей? ЛДПР-м щхьэкІэ Іэ Іэт!

ЦІыхуэхэр зыхуей хуэзэу зэрыпсэун хэхъуэ яІэн хуейщ, къэралым кьарит пенсэм щымыгугъуэу. Къэралми и цІыхуэхэм гулъытэ зэрыхьэ яхуищІыпхъэщ. НобэкІэ ЛДПР-м и закъуэщ цІыхуэхэм кьагурыІуэн, пенсэр зэратын хуей щІыкІэм теухуа Іуэху епльыкІэ кьызэрыгъэкІэ зыІэр. Пенсэ ныбжьым нэсауэ щытІысхьэм деж дэтхэнэ зи цІыхуми зэрылажьа ильэс бжьгъэм техуэу - зы ильэсым зы сом мин хуэзэу - иратын хуейщ. Ильэс 20-кІэ улэжьауэ утІысхьэну ухуей? Зыри пэрыгъуэ кьыпхуэхъуркъым - уи пенсэр сом мин 20 мэхъу! Ильэс плІыщІ улэжа - сом мин 40 кьыбохьі! Нэхъыбжь кьэпхьну ухуейм, умытІысыж щІыкІэ уи пенсэ счётым ахъшэ гъакІуэ. Ари къэралым инфляцэм щихьымэн хуейщ. Мис ар хэпхьажьэфІу щытынущ пхуагъэувыну пенсэм.

ХэхакІуэ Іьапіэхэ! СынэвэупщІыну сыхуейщ: кьулыкъущІэхэм кьыиах лейр кьэзгъэзывыІэн фыхуей? ПсэукІэр тынщ щыІэным ехьэлІа хабзэ кьыдэзымыгъэжі властыр фужэгъуа? Ари хуитныгъэхэр зэхьэмэн унафэщІ фыхуей? Мис абы щыгъуэ ЛДПР-м кьыбгъэдэжі БЕЗГОДКО ВЛАДИМИР ФЁДОР И КЪУЭМ щхьэкІэ Іэ фІэт!

«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр хэхыныгъэхэм сыздэрыхэтым къыхэкІыу, Къэрал Думэм и «Урысей зэкъуэт» фракцэм къыхилъхьам щхьэкІэ, ЦІыхухэм пэжыгъэ къаухъэзыгъуэт Іэхъущ1апІэхэм Іутщ. А ныбжьым итхэм папщІэ лэжьыгъэ щІэзэкъым. Аехр ухуакІуэ хъунуи, станок бгъэдэтыныр щІалэжжьым. Къахуэнэжыр вахтёр Іэщ1агъэращ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, лэжьапІэ Іэнатіэр махуэ къэс нэхъ мащІэ хъу зэпытщ. Кьулыкъу зыІыгъэмэ гастарбайтерхэр къагъэсэбэп. «Пенсэ зэхъуэкІныгъэхэм яужькІэ пенсионер мин 200-м нэс ильэс къэс я Іэнатіэхэм кьыІуэнущ», - жиІэрт Іэщ1агъэлІхэм. Аращ къэхъуари. А зэхъуэкІныгъэхэм яужькІэ пенсэ ныбжьым гъунэгъу хуэхъуа куэд улахуэмэ, пенсэми пагъэкІащ. Властым и партым пенсэ ныбжьым щыхигъахъэри, а ныбжьым гъунэгъу хуэхъуахэм лэжьыгъэ кьыхуагъуэтырфын я гугъащ.

Пенсэ тэмэм ухуей? ЛДПР-м щхьэкІэ Іэ Іэт!

ЦІыхуэхэр зыхуей хуэзэу зэрыпсэун хэхъуэ яІэн хуейщ, къэралым кьарит пенсэм щымыгугъуэу. Къэралми и цІыхуэхэм гулъытэ зэрыхьэ яхуищІыпхъэщ. НобэкІэ ЛДПР-м и закъуэщ цІыхуэхэм кьагурыІуэн, пенсэр зэратын хуей щІыкІэм теухуа Іуэху епльыкІэ кьызэрыгъэкІэ зыІэр. Пенсэ ныбжьым нэсауэ щытІысхьэм деж дэтхэнэ зи цІыхуми зэрылажьа ильэс бжьгъэм техуэу - зы ильэсым зы сом мин хуэзэу - иратын хуейщ. Ильэс 20-кІэ улэжьауэ утІысхьэну ухуей? Зыри пэрыгъуэ кьыпхуэхъуркъым - уи пенсэр сом мин 20 мэхъу! Ильэс плІыщІ улэжа - сом мин 40 кьыбохьі! Нэхъыбжь кьэпхьну ухуейм, умытІысыж щІыкІэ уи пенсэ счётым ахъшэ гъакІуэ. Ари къэралым инфляцэм щихьымэн хуейщ. Мис ар хэпхьажьэфІу щытынущ пхуагъэувыну пенсэм.

**Х

КъБР-м къикIуа щэнхабзэ гъуэгуанэр

Щэнхабзэм и лэжьакIуэу къалъытэ щэнхабзэм, гъуэзджэм, кинематографием, полиграфием, тхылъ къыдэгъэкIыным, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм, спортым, туризмэм пыщIа цIыхухэр.

ЩЭНХАБЗЭМРЭ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэм пщIэ хуащI, абыхэм къэралым и хъугъуэфIыгъуэхэр зэрахъумэр, зэрагъэбагъуэр, я IэнатIэм зэрызрагъэужьыр, зэрырагъэфIакIуэр къалъытэу.

Республикэм и щэнхабзэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ нэхь ин дыдэ хуэзыщIахэм ящыщщ цIыхухэм я гукъыдэжыр къэзыIэт, а лъэпкъ гъуазджэм и хъумакIуэ нэс, ди щIыналъэм и мызакъуэу, дуней псом къыщацIыху «Кабардинка» ансамблыр. Абы тхыдэ гъуэгуанэ дахэ кIыкIащ.

1933 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ЛУГ-м хьхьэу Налшык къыщыIэзIахауэ щытащ Художественнэ лъэпкъ студие, къэфакIуэхэр, уэрэджьыIакIуэхэр, цIыхубэ макъамэ Iэмэпсымэхэм еуэхэр, адыгэ, балъкъэр театрым я артист хъунухэр щагъэхьэзыру. Абы хьхьэрт Къэбэрдей-Балъкъэрым Къафэмрэ уэрэдымкIэ и къэрал ансамблыр, иужькIэ «Кабардинка» хъуар.

Сыт хуэдэ художественнэ, творческэ гупми я къежьапIэу къалъытэр ахэр япэу цIыхухэм я пащхьэ щихьащ. Ауэ зи гугъу тщIы ансамблым апхуэдэ махуэ пыухыкIа иIэкъым, гупу зэкъуэуфэн ипэкIи ар цIыхубэм яхэIуауэ зэрыщытам къыхэкIыу. ЗэгурыIуауэкIащта унафэм ипкъ иткIэ, абы и махуэу я гъэуцащ Художественнэ лъэпкъ студиер къыщызэрагъэпэщащ жэпуэгъуэм и 1-р.

30 гъэхэм цIыху 14 фIэкIа мыхъуу къежьа гупым зиужьащ. Ди республикэм иджы зы гуфIэгъуи щекIуэкIыркъым «Кабардинка»-р хэмыту, утыкур имыгъэдахэу. Абы и дамыгъэхэм, саугъэтхэм, цIэ лъапIэхэм кьахэхьуэ зэпытщ. Лъэпкъым и блэкIари, и нобэри наIуэу уи нэгу кьыщIэзыгъэуэз кьэфакIуэ ансамблым екъулIэныгъэхэр дапэкIи иIэну, утыкур сытым дежи игъэдэхэну ди гуапэщ.

Адыгэхэм я театр гъуазджэм и лъабжьэр жьжьэ кьыщежьэми, Къэбэрдей драмэ театр дыззриIэрэ илъэс 80-м щIигъуауэ араущ. Тхыдэм къызэрыхощыжьмкIэ, япэ дыдэ адыгэ спектаклхэр Псыгуэнсу кьуажэм щыщ егъэджакIуэ Гуанэ Сохьутэрэ (арат «Неграмотный, что слепой» пьесэр зэзыдзэкIари зыгъэувари) Старэ Шэрэдж кьыдэкIа Борыкъуей ТIуатIэрэ («Одолели» пьесэр) курыт еджапIэхэм я япэ самодеятельнэ гупхэм щагъэуваэу щытащ.

30 гъэхэм я пащIэдзэм Шортэн Аскэрбий ЛУГ-м и театрым папщIэ зы акт фIэкIа мыхъуу «Бэнэныр иухакъым», «Гъавэм щIэбэныр», «Кулак Абазэ», «Мэзым и цIыхухэр» пьесэхэри итхащ.

ВКП(б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым художественнэ гупхэр зэхэщэнным теухуа унафэ кьищтауэ щытащ икIи 1933 гъэм театреплъ ныбжьыщIэм и театррэ Ленинскэ еджапIэ кьалэ цIыкIум актёрхэр щагъэхьэзыр кьудамэрэ кьызэрагъэпэщащ. Абы щIагъэтIысхьахэм ящыщщ Шэрий Азрум, Жыгун Тимэ, Сибэч Быхуэ, Къумахуэ Хужьэ, Балъкъэр Калисэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

1937 гъэм накъыгъэм и 1-м Къэбэрдей колхозсовхоз театр кьызэIуахащ. Абы и художественнэ унафэщIуи режиссёр нэхъыщхьэуи ягъэувар Станиславский Николайщ. А театрым щыIэжьэн щIадзащ Тубай М., Дышэкъ КIу., Шортэн Д., Къардэн Хь., Гуо А., Гъуэныбэ Л., Къамбий Т., Нартыжь С., Сэхъу Къ., Къэбэрдокъуэ А. сымэ.

Корнейчук Александр и «Платон Кречет» спектаклымкIэ кьызэIуахащ япэ театр сезонырэ. А спектаклыр щагъэхьэзырым набдзэгубзаплъэу кIэлъыплъащ иужькIэ театрым зи цIэр фIащыжьа ЩоджэнцыкIэкI Алий. ЛъапIэ махуэ ежьа гупым 1939 гъэм «Мэжидрэ Мэрятрэ» (Тубай Мухьэмэд) пьесэр ехъулIэныгъэшхуэ иIэу игъэуващ.

Тубай Мухьэмэдрэ Шортэн Аскэрбийрэ я пьесэхэр кьэбэрдей драматургием зегъэужьынымкIэ хэпльхьэныгъэфIт. «Къэбэрдей драмтеатрым иужьрей зэманым зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэр дамэ зыхуэхьуа гупым къэбэрдей театрым и лъабжьэр ягъэтIылъ», - псалъэ пэжэр итхауэ щытащ Станиславскэм а гъэхэм.

1939 - 1940 гъэхэм «Партизанхэр» (Къэбэрдокъуэ А.), «Гъащэхъан и гъащIэр» (Мэшыкъуэ Хь.), «Жамбот», «Iэюб» (Елмэс Хь.) пьесэхэр дунейм кьытехьащ.

Актёрхэмрэ режиссёрхэмрэ гъэхьэзырынымкIэ кьалэныщхьэ игъэзэщIащ ГИТИС-м. Абы и доцент Ефремовэ Аннэрэ РСФСР-м и цIыхубэ артист Судаков Ильярэ я нэIэ щIэту Москва щрагъэджэну адыгэ, балъкъэр студентхэр 1935 гъэм кьыхахащ. Ахэращ ди республикэм икIа актёр гупхэм я унафэщIу щытари.

1940 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м актёр IэщIагъэмкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ яIэу республикэм цIыху 60-м кьагъэзэжащ. Къэбэрдей театрым и актёр ныбжьыщIэхэм я художественнэ унафэщIу ягъэувар нэхъапэми абыхэм ядэлэжьа Ефремовэ Аннэщ. НыбжьыщIэхэм республикэм кьагъэзэжат театр гъуазджэмкIэ еджагъэшхуэхэм кьыхалъхьа Iэзагъэр - ягъэлъэгъуэну я гуращэу.

ГИТИС-р кьэзыуахэм Бомарше и «Женитьба Фигаро»-р япэу ягъэлъэгъуащ. Ар зыгъэува Ефремовэмрэ абы и нэIэ щIэт гупымрэ наIуэ ящIащ а илъэситхум зыкъэрагъэджар зэрамыгъэкIуэдар.

Илъэ ита спектаклхэмкIэ театреплъыр кьызэщIагъаплъэри, Къардэнгъущ Зырамыку и «Къанщобийр» Гуащэгъагъэр» пьесэр утыку кьрахьащ. А илъэ профессиональнэ спектаклыр адыгэ щэнхабзэм и дыщэ фондым хагъэхьащ. ГИТИС-р кьэзыуха щIалэщIэм и творческэ ехъулIэныгъэм а пшыхьым кьрихьэлIахэу ЩоджэнцыкIу Алийрэ Елбэрд Хьэсэнрэ псом хуэмыдэу щыгуфIыкIат.

Республикэм и щэнхабзэ гъащIэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэт драмтеатрым и унэщIэ зэрырызэIуахар. Абы япэу щалъэлъэгъуар Акъсэрэ Залымхъан и «Дахэнагъуэ» пьесэрщ. Ар утыку кьыщрахьащ РСФСР-м гъуазджэ IуэхуэмкIэ и управленэм кьызэригъэпэща Лъэпкъ театрэм я урысейпсо выставкэм.

Зауэ зэманым Къэбэрдей театрым артистхэр кьемэщIэкI зэрыхуам кьыхэкIыу, СССР-м и СНК-м деж Гъуазджэ IуэхуэмкIэ щыIэ комитетым хуит ищIри, илъэсищкIэ щрагъэджэну лъэпкъ драмэ студие 1944 гъэм кьызэрагъэпэщащ. 1946 гъэм щIышылъэм и 15-м абы щеджахэм я диплом лэжьыгъэу «Къанщобийрэ Гуащэгъагъэр» (Къардэнгъущ Зырамыку), «Нэхур кьыщыщIэнэм щыгъуэ» (Шортэн Аскэрбий), «На бойком месте» (Островский Александр) спектаклхэр ягъэлъэгъуащ.

Къэбэрдей театрыр творческэ балигъыпIэ иуваущ кьалъытащ Гоголь Николай и «Ревизор»-р щагъэувам. Абы хэт лIыхъужьхэм я «хьэлыр» кьызэкIуэцIыхьным хуабжьу егупчат артистхэр, цIыхухэр гуапэу кьызэрыпэджэжам тещIыхьымэ - кьайхъулIат.

Къэбэрдей театрым и зэфIэкI лъагэр ди щIыналъэм и мызакъуэу хамэ къэралхэми щигъэлъэгъуащ. Ар щыIащ Тыркум, Сирием, Иорданием, США-м, къищынэмыщIауэ, Дон Iус Ростов, Псыхуабэ, Сыхъум, Сочэ, Элиста, нэгъуэщI къалэхэм.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Ди щIыхьыр лъагэу зыIэта спорт лIэужьыгъуэхэр

Адыгэхэр нэхъапэм дэзыихьэхыу щыта бэнэкIэ лIэужьыгъуэхэм, шыгъажэм, бжьы дзыным, шабзэрэ фочрэ гъэуэным, нэгъуэщI куэдми нэхъри зажьу щIадзащ 1921 гъэм къэралыгъуэ ягъуэтыжа иужькIэ. Абыхэм кьахьхьащ иджыри къэс зыщымыгъуэза топджэгур, кьызэздзэр, хьэлъэ къэIэтыныр, лъагэу дэлъеиныр, волейболыр, баскетболыр икIи ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрагъэхьащ.

ШЫМ хуигъадэ псэущхьэ адыгэм иIакъым. Езыри хуэфэщэну кьыхуэпэжьыжт. **Шыгъажэхэр** ди лъэпкъэгъуэхэм я гъэхуатIэ нэст. Къэбэрдей шы заводым кьыщагъэхьуэ псэущхьэ Iущхэм, жэрхэм, бэшэчэхэм текIуэныгъэ куэд ди республикэм кьыщыхуахьащ къэралпсо, дунейпсо илпподромхэм. Шууей Iуэзэджэхэу Пщыкурыкхэ Жамботрэ Сэрэбийрэ, Сыжажэхэ Борисрэ Тимуррэ, Кьуныжь Мухьэрбий, Шыд Лолэ, ПщыхьэщIэ Ахьед сымэ, адрейхэми я щIэр дыщэпскIэ иратхащ шы спортым и тхыдэ хуэлуейм.

Шыгъажэм иужькIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэр къэралпсо утыку нэхъ зэрихьар кьуэдыдэ дзэныхьэхыу хуежьа топджэгуращ. 1959 гъэм мэлыжьыхьым и 18-м, СССР-м футболымкIэ «Б» классым щекIуэкIа зэхьэзэхуэм **Налшык и «Спартак»-м** япэ лъэбакъуэр щичащ. Абы лъандэрэ налшыкдзэхэм зэIущIэ минитым щIигъу ирагъэкIуэкIащ икIи нэхъыбэм щытекIуащ.

Хуабжьу узэрыгушхэнщ адыгэхэм ящыщу япэ дыдэу **Iэпщэ Александр** футболымкIэ 1964 гъэм Совет Союзым и чемпион зэрыхъуар. Тбилиси и «Динамо»-р кьэралым щынэхъ лъэщ дыдэ зыщIахэм ари ящыщащ. КьищынэмыщIауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр лъагэу яIэтащ футболист ахъыирэзманхэу Туаев Къазбэч, Наурзокъуэ Юрэ, Ещтрэч Владимир, Льэрыгу зэкъэушхэу Викторрэ Къазбэчрэ, Мирзоев Виталий, КIурашын Олег, Хьэпэ Заур, Биджиев Хьэсэнбий, Исаев Щамил, Гъубж Вячеслав, Бэч Руслан, Саркисян Альберт, Дзэмыхь Анзор, Мырзэ Резуан сымэ, нэгъуэщI куэдми.

Ди «Спартак»-м текIуэныгъэ ин дыдэхэри иIащ. Кьащтэмэ, сыт и уасэ 1965, 1970 гъэхэм итIуанэ лигэм хэт командэхэм я зэхьэзэхуэм псоми щефIэкIыу РСФСР-м и чемпион зэрыхъуар?!

Нэхъапэм ди футболист кьыхэжаныкIэхэм хамэ щыIэхэм я командэхэр ягъэбжьыфIэуэрэ кьекIуэкIамэ, зэман дэкIри дэ езым апхуэдэ гуп зэкъуэт пIэщ диIэ хъуащ. Гум зэи ихужьныкъым ди «Спартак»-р премьерлигэм зэрыкIуар щызэхэкIа 2005 гъэм щэкIуэгъуэм и 3-м стадионым и джэгупIэ губгъуэм и курыкупсэм адыгэ джэгушхуэ кьыщызэIузыиха цIыху минхэм я нэгум илъа гуфIэгъуэр. Абы хуэбгъэдэфынур налшыкдзэхэр РСФСР-м и чемпион щыхъуа гъэхэрщ. Илъэсихрэ ныкъуэкIэ ди щIалэхэр яхэтащ кьэралым и гуп нэхъыщхьэм икIи дэрэжэгъуэ куэд кьыдатащ.

Совет Союзым я командэ нэхъыфI дыдэхэм, уей-уей жрагъыIуэ, блэкIа лIэщIыгъуэм и 80 гъэхэм япэщIэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым **регбимрэ волейболымкIэ** и гупхэр. Ахэр нэхъапэм ди деж щымыIа спорт лIэужьыгъуэти, куэдым яфIэтельджэт. РегбимкIэ «Университет» командэм хэтым я нэхъыбэр адыгэт, бэнэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ, хьэлъэ къэIэтынымкIэ спортым и мастерхэу, Iэчлъэч защIэу. Щоджэн Олег кьызэригъэпэщу премьер-лигэм игъэкIуа цIыхубз волейбол командэри дэтхэнэ щIыналъэри зэрыгушхэнт. Абы кьыщыхэжаныкIахэу Лий Ларисэрэ ЗекIуэрей Эльвирэрэ иужькIэ илъэс зыбжанэкIэ Испанием щыджэгуащ.

Гуп зэпеуэхэм ехъулIэныгъэфIхэр щыдиIами, дэрэжэгъуэ нэхъыбэ кьыдэзытар щхьэзакъуэ зэхьэзэхуэхэм хэта ди щIалэхэращ.

БлэкIа лIэщIыгъуэм и 70 гъэхэм **Шыхъуэ Борис** и цIэм иримыгушхуэ адыгэ кьэгъуэтыгъуейт - арат Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу япэ дыдэу, 1972 гъэм, Олимп чемпион хъуар. Абы ипэжкIэ къэралпсо, дунейпсо лъагапIэхэри мызэ-мытIэу кьищтат: СССР-м тхуэнейрэ щытекIуащ (1968, 1971, 1972 гъэхэм командэ зэпеуэм, 1968 гъэм щхьэзакъуэ зэхьэзэхуэм, 1972 гъэм махуэ куэдкIэ екIуэкIа зэджэм), дунейпсо чемпионщ (1970 гъэ).

И адэ Рабихь къулыкъу щищIэ Уралым кьыщалъхуащ Ахэмын Еленэ. Свердловск (иджы Екатеринбург) и «Уралочка» командэ цIэрыIуэм хэту ар къэралым, хамэ щIыпIэхэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэ куэдым щытекIуащ. Совет Союзым и командэ кьыхэхам хэту Ахэмын Еленэ зэпеуэ куэдым бжьыпэр щиубыдащ. АрщхьэкIэ псоми я щхьэжу абы кьелъытэ Москва щыIа Олимп джэгухэм я дыщэ медалыр.

Дэтхэнэ зы спортсменми и хъуэпсапIэ Олимп джэгухэм и зэфIэкI кьыщигъэлъэгъуэну налшыкдзэ Рогожин Сергей кьыхуихуащ икIи 1980 гъэм Мэзкуу щекIуэкIам шы спортымкIэ троеборьем и гуп зэхьэзэхуэм дыщэ медалыр кьыщихьащ.

Къардэн Мурат тренер цIэрыIуэ Къалмыкъ Юрэ и деж алыдж-урым бэнэкIэмкIэ зыгъэсэн щыщIидзащ. Дунейпсо кубокым щэнейрэ (1992, 1995, 1997 гъэхэм) щытекIуащ, Европэм и чемпионщ (1998 гъэ). Австралием и Сидней кьалэм щекIуэкIа XXVII Олимпиадэм (2000 гъэ) дыщэ медалыр кьыщихьащ. Къардэн Мурат илъэс зыбжанэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Физкультурэмрэ спортымкIэ и комитетым и унафэщIу щытащ, иджыпсту КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и кьуэдзэщ, педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидатщ.

2004 гъэм Афины щекIуэкIа Олимп джэгухэм Аккаев Хьэжмурат атлетикэ хьэльэмкIэ зэпеуэм дыжьын медалыр кьыщихьащ. ИлъэсипIэ дэкIа иужькIэ ар дыщэм хущIэкъуащ. АрщхьэкIэ Пекин щызэхэта Олимпиадэм абы кьыщыIыпэсар домбекъ медалыщ. Килограмм 94-рэ зи хьэльагъэм я зэпеуэм тIэу бгъэдыхьэгъуэм абы кьыщиIэтащ килограмм 402-рэ икIи чемпион хъуам кьызэрыкIэрыхуар килограммипIэ къудейщ.



Пэжщ, иужькIэ допинг кIэлъыплъыныгъэм къыщIигъэщри, медалхэр къыIахыжащ.

Китайм щекIуэкIа Олимп джэгухэм (2008 гъэм) килограмм 96-рэ зи хьэлъагъэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ я зэхьэзэхуэм дыщэ медалыр **Хъущт Аслъэнбэч**, и хьэрхуэрэгъуэм зы балли яримыту. А гъэ дыдэм Дунейпсо Кубокыр зыIэригъэхьащ, Европэм и чемпион хъуащ. Франджым, Польшэм, Румыниием, Финляндием щекIуэкIа зэпеуэшхуэхэм бжьыпэр щиубыдащ.

БэнэкIэ хуитымкIэ **Махуэ Билал** кьыпэлъэщщ дуней псом зыкъомрэ тетакъым. Абы и щыхьэтщ бэнэкIуэ нэхъ хьэлъэ дыдэхэм (килограммим 120-м щIигъуэм) я зэпеуэм 2007, 2009, 2010 гъэхэм щытекIуэу ар щэнейрэ дунейпсо чемпион зэрыхъуар. НэхъапэжкIэ Махуэм апхуэдэ дыдэ екъулIэныгъэхэр ныбжьыщIэхэм я деж 2005, 2006 гъэхэм щиIащ. Балигъхэм я зэхьэзэхуэм Европэмрэ къэралымрэ мызэ-мытIэу щытекIуащ. 2012 гъэм Лондон щекIуэкIа Олимп джэгухэм дыщэ медалыр кьыщыхуагъэфэщащ, япэ кьища и хьэрхуэрэгъуэхэм допинг зэрахьэлIауэ кьыщIагъэщри.

Рио-де-Жанейрэ 2016 гъэм щекIуэкIа XXXI Гъэмахуэ Олимп джэгухэм хуабжьу дыззэщIэхъуэпсауэ, гуфIэгъуэшхуэкIэ щIидзащ. Абы и япэ махуэм Урысей Федерацэм дыщэ медалыр кьыщыхуихьащ Бахьсэн кьалэм щыщ адыгэ щIалэ **Мудрэн Бесльэн** - дзюдомкIэ килограмм 60-м нэс зи хьэльагъэхэм я зэпеуэм ар Олимп чемпион щыхъуащ!

ИльэскIэ гъвауэ иджыблагъэ Токио щызэхэта XXXII Гъэмахуэ Олимп джэгухэм цIыхубзхэр лъагэу дзэлъинымкIэ и зэпеуэм псоми щефIэкIащ дуней псом тхуэнейрэ и чемпион (тIур щхьэ зытелъ стадионхэм щызэхьэзэхуэу) **Ласицкене (Кучинэ) Марие**. Абы Японием и кьалащхьэм щыщызэрыкIэ метри 2-рэ сантиметри 4-р адрейхэм я хъуэпсапIэ кьудейт.

БлэкIа илъэсищэм Къэбэрдей-Балъкъэрым физкультурэмрэ спортымрэ лъэ быдзкIэ щыуващ. Шэч хэлъкъым дапэкIи ди щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ я ехъулIэныгъэхэм лъэпкъмэ, республикэми, къэралми я щIыналъэ дунейпсо утыкум зэрыщаIэтынум.

ХЬЭТАУ Ислъэн.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (унафэщI-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщI-редактор), Къанщокъуэ Эллэ (жэуап зыхьыс секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэныджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩIхьэщэмыщI Иэз.

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцIэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхьэмэ Iуэхуэ IапIэхэм ядолжьэнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэтчэтхым - 42-75-78, 42-63-64.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь **Къанщокъуэ Эллэ,** *редактору* **Щомахуэ Залинэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 3-нэ нап.),* **Елмэс ФатIимэ** *(2, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 • Тираж 1.839 • Заказ №1784